


Humor Suroboyoan

Jilid 1-3

download soko:

<http://www.dna.caltech.edu/~hariadi/humor/>
pengarang lek gak salah Mas Budhi Santoso



Peringatan Hak Cipta:

Ngguyu iku termasuk salah siji hak asatine menungso, dhadhi gak perlu mbayar. Aku gak masalah lek bukuku iku nyebar nang endhi ae, tapi lek onok wong sing sampek wani ngomersilno, tak dungakno ngguyu pitung turunan gak isok mingkem.

Contents

1 Humor Suroboyoan Jilid Siji	7
1.1 Cerito Khayal: Salesman	8
1.2 Cerito Khayal: Rasa Stroberi tah . . .?	8
1.3 Cerito Khayal: Ngentutan	9
1.4 Cerito Khayal: Lobang	9
1.5 Cerito Khayal: Avtur	10
1.6 Cerito Khayal: Argowilis	11
1.7 Cerito Khayal: Mbah Jo	12
1.8 Cerito Khayal: Jin	13
1.9 Urip Bebojoan: Kaspo thok ! ! !	14
1.10 Urip Bebojoan: "Rp. 200,000"	15
1.11 Urip Bebojoan: Mulih Gasik	16
1.12 Urip Bebojoan: Babaran	17
1.13 Urip Bebojoan: Bakul Bakwan	18
1.14 Urip Bebojoan: Purik	18
1.15 Wonokairun ambek Bunali: Ngumbah Kucing	19
1.16 Wonokairun ambek Bunali: Y u y u	20
1.17 Wonokairun ambek Bunali: Mancing	21
1.18 Wonokairun ambek Bunali: Minimarket	21
1.19 Wonokairun ambek Bunali: Pikun	22
1.20 Romlah: Kulit Mungsuh Kulit	23
1.21 Romlah: Gantine Soleh	24
1.22 Romlah: Nginceng Kamut	25
1.23 Romlah: Telulas	26
1.24 Romlah: Maling	27
1.25 Romlah: Mo Limo	28
2 Humor Suroboyoan Jilid Loro	31
2.1 Diuber celeng	32
2.2 Drakula	32
2.3 Asmuni	33
2.4 ASI	33
2.5 Mo Limo bag 2	34
2.6 Wedhi karo bojo	35

Contents

2.7	Nostalgia	35
2.8	Semongko	36
2.9	Wedhus	36
2.10	Bajak Laut	37
2.11	Numpak Taksi	38
2.12	Mercon	39
2.13	Kepiting	40
2.14	Wanita Besi	41
2.15	Ketinggalan Sepur	42
2.16	SPG	42
2.17	Njegur	43
2.18	Numpak Taksi 2	44
2.19	Sepuluh Ewu	45
2.20	Pelabuhan	46
2.21	Sayang anak	48
2.22	Lali	48
2.23	Ndlahom	49
3	Humor Suroboyoan Jilid Telu	51
3.1	Piro umurku ?	52
3.2	Bakso Spanyol	54
3.3	Balas Dendam	55
3.4	Apes	56
3.5	Umur	57
3.6	Sing tabah yo . . .	58
3.7	Lawang Wesi	59
3.8	Nyegat bis	60
3.9	Kebon Semongko	61
3.10	Limolas Juta	61
3.11	Putus Cinta	63
3.12	Nginceng	64
3.13	Deodorant	65
3.14	Ngelindur	65
3.15	Putus Asa	66
3.16	Malam Pertama	67
3.17	Foto	68
3.18	Ulang Tahun	68

1

Humor Suroboyoan Jilid Siji

Derek-derek sedoyo,

Pancene wis diakoni lek arek Suroboyo iku mbanyolan, gak ndhik omah, tandhang gawe utowo cangkruk. Lha banyolan sing onok ndhik buku iki asale yo seko ngrungokno omongane konco-konco, sanak kadhang lan tonggo teparo. Embuh mbujuk opo temenan aku yo gak njamin, sing penting lucu yo tak catet. Banyolan-banyolan iki yo wis tau disebarno ndhik mailing list Suroboyoan pimpinan Cak Mujaya Kertadi.

Buku iki (jilid siji) dibagi dhadhi papat bagian.

- Bagian pertama iku isine cerito-cerito khayal. Ceritone gak masuk akal tapi sing penting lucu.
- Bagian kedua isine banyolan wong urip rumah tangga. Peno sing wis rabi koyoke kudhu moco iki, cik gak dibujuki ambek bojo sampeyan.
- Sing bagian ketiga iku isine cerito Wonokairun ambek Bunali. Wonokairun iku wonge masio tuwek tapi mbethik gak gelem kalah ambek Bunali. Lek sampeyan tau ngrungokno acara Trio Buluru Radio Susanna, mungkin kenal ambek Wonokairun. Sing terakhir iku bagian papat sing nyeritakno keluarga Pak Imron sing ndhuwe anak wedho ayu jenenge Romlah. Keluarga Imron iku kiro-kiro nggambarno keluarga rata-rata wong Suroboyo sing biasane isine guyon thok.

Umpomo sampeyan isok ngguyu moco buku iki, aku yo melok seneng.

Suwun

Cerito Khayal: Salesman

1.1

Kapanane onok Salesman Vaccum Cleaner teko nhik omahku.

Ewangku durung sempet ngomong opo-opo moro-moro salesman iku mau langsung nyebarno tembelek wedhus ndhik karpet.

Jarene ngene "Wis pokoke buk, lek sampek vaccum cleanerku iki gak isok nyedot, tak jamin tak emploke sithok-sithok tembeleke wedhus iku."

Jare ewangku "Peno kepingin didhulit sambel tha ngemploke ?".

"Lho opoko masalae ?" salesmane takok.

"Lha peno gak ndhelok tha saiki lampu mati ..."

Cerito Khayal: Rasa Stroberi tah .
. .?

1.2

Pas acara perpisahan arek TK, setiap murid nggowo kado gawe bu gurune.

Sing pertama maju anake pedagang bunga.

Bu gurune ngambung kadone ambek mbedhek, "Isine kembang yo....".
"Seratus buat bu guru.." jare anake pedagang bunga.

Sing kedua maju anake wong dhodhol mracang.

Ambek bu gurune kadone dikocok-kocok. Wah iki rodok angel mbedheke, pikire.

"Isine permen yo...".

"Pinter bu guru.." jare anake wong dhodhol mracang.

Mari ngono, maju anake wong dhodhol es krim. Pas kadone diangkat, dhadhak netes. Ambek bu gurune tetesane diincipi.

"Es krime rasa anggur yo..." jare bu gurune kemeruh.

"Salah..." jare areke.

"Rasa stroberi tah...?" bu gurune kemeruh maneh.

"Salah .." jare areke.

"Wis aku nyerah, rasa opo sih iku" takok bu gurune.

"Isinya anak anjing kok bu guru..."

Cerito Khayal: Ngentutan

1.3

Yuk Jah lungo perikso nang dokter.

"Opoko sampeyan ning ?" Jare doktere.

Yuk Jah terus cerito, "Iki lho dok, wis sak wulan iki aku malih ngentutan. Sak jam isok ping sepuluh aku ngentut. Cumak untunge, entutku iku gak mambu ambek gak onok suorone, dhadhi gak onok sing ngerti. Lha iki pas aku longgo ndhik ngarepe sampeyan ae wis ping telu aku ngentut. Tapi sampeyan gak ngerti tho, mergo iku mau, entutku gak muni ambek gak mambu. Cumak aku malih gak enak dhewe, mosok arek wedhok ngentutan".

"Oh, ngono tah.. Lek ngono tebusen resep iki. Seminggu maneh mbaliko rene maneh" jare doktere.

Pas wis seminggu yuk Jah mbalik maneh nang doktere.

"Wis enakan tah ?" takok doktere.

"Aku gak ngerti obat opo sing dokter kekno wingi, cumak entutku saiki kokambune malih bosok gak karuan. Sampek kudhu nggeblak aku. Tapi untunge entutku sik tetep gak muni", jare yuk Jah.

"Berarti saiki irung sampeyan wis gak buntu maneh. Saiki tebusen resep ikiyo" jare doktere.

"Obat opo maneh iku pak dokter ?" takok yuk Jah.

"Obat kopok.."

Cerito Khayal: Lobang

1.4

Sakri ambek Nasip mlaku budhal mancing. Moro-moro Nasip ndhelok onok lobang guedhe.

1 Humor Suroboyoan Jilid Siji

"Eh ayok dites jerune sak piro se lobang iki" jare Nasip.

Sakri njupuk watu kali terus diuncalno ndhik lobang mau. Sui gak onok suorone blas... "Whuik jerune...", jare Sakri

"Watune kurang gedhe be'e, cobak kelopo" jare Nasip. Sakri njupuk kelopo terus diuncalno maneh ndhik lobang.

Sepiii gak onok suorone.... "Whuik jerune...", jare Sakri

"Sik golek sing luwih gedhe maneh," jare Nasip.

Mari golek-golek, arek loro iku akhire nemu beton bekas bantalane rel sepur. Berhubung abhot, betone digotong wong loro terus disurung mlebu lobang.

Tapi yo ngono, suiii gak onok suorone... "Cik jerune lobang iki.." jare Sakri Moro-moro seko semak-semak, onok wedhus mlayu katene nubruk arek loro. Selamete arek loro iku isok ngelesi, tapi sakno wedhuse sing kecemplung lobang.

Kagete jik durung ilang, moro-moro onok Wak Dri nggowo arit takok nang arek loro iku.

"He rek, kon ndhelok sing nyolong wedhusku tah ? Tak bacoke wonge !!!", takok Wak Dri.

"Wah gak ngerti Wak Dri, cumak sik tas ae onok wedhus kecemplung lobang iku" jare Nasip.

"Oo gak mungkin.. dhudhuk wedhusku lek sing iku, wedhusku mau takancang ndhik betone rel sepur "

Cerito Khayal: Avtur

1.5

Uwar ambek Joko koncoan apik, karo-karone kerjo ndhik Lanud Juanda bagian pengisian BBM Pesawat.

Bengi-bengi pas udhan deres, Juanda sepi gak onok pesawat sing wani mudhun, wong loro iku malih nganggur gak onok gawean.

"Adem-adem ngene enake ngombe yo" jare Uwar.

"Wah iyo tepak iki. Awakmu tau krungu tah lek avtur iku isok diombe?" jare Joko.

1.6 Cerito Khayal: Argowilis

"Yo tau se, jarene lek ngombe avtur isok mak busss !!..kon wani nyobak tah ?" Uwar mulai gunggungan.

Mari ngono arek loro mbukak krane truk tanki avtur. Wis tuwuk ngombe arek loro iku mulih terus keturon.

Isuke pas Uwar tangi, rasane awake sueger kuat. Moro-moro onok tilpun muni, tibake Joko sing nilpun. "Yok opo kon War..?" jare Joko

"Wah whuenak, kon yok opo ?" jare Uwar.

"Awakku yo sueger pisan. Kon gak teler tah ?" jare Joko.

"Gak blas, aku yo gak ngelu blas. Wis pokoke enak. Mene nyobak maneh tah ?" jare Uwar.

"Yo setuju, cumak aku kate takok, kon wis ngentut dhurung ?" takok Joko.

"Dhurung.." jare Uwar.

"Wah gawat iki. Wis pokoke kon ojok sampek ngentut yo. Diempet ae sak kuatmu. ." jare Joko.

"Lho opoko masalae ..?" Uwar bingung.

"Soale aku saiki ndhik Banjarmasin.."

Cerito Khayal: Argowilis | 1.6

Onok wong papat podho gak kenale numpak sepur Argowilis jurusan Suroboyo Bandung.

Sing pertama ibu-ibu umure sekitar 60an. Ketokane termasuk keluarga ningrat lek ndhelok pacakane.

Sebelahé ibu-ibu iku onok cewek ayu koyok covergirl majalah umure sekitar 20an.

Ndhik ngarepe ibu-ibu iku mau onok tentara berseragam dinas, lengkap karotanda jasane. Pokoke berwibawa, umure 50an.

Sebelahé tentara mau onok arek lanang gondrong umure 25an. Ketokane rocker.

Selama perjalanan, wong papat iku ngobrol macem-macem. Sampek moro-moro sepure mlebu terowongan athik lampune mati, dhadhi petengan pol. Wong papat iku malih meneng kabeh.

1 Humor Suroboyoan Jilid Siji

Gak sui moro-moro onok suoro pipi disun terus mari ngono suorone wong dikaplok PLAK..!!!. Wis mari ngono sepi maneh.

Sing ibu-ibu iku mau mbatin, "Wah hebat arek wedhok sebelahku iki, isok menjaga harga diri, gak gelem diperlakukan sembarangan".

Sing arek wedhok sebelae yo mbatin pisan, "Gak salah tah, sing ngesun mau iku, wong onok arek ayu koyok aku kok malah nenek-nenek tuwek sing disun".

Lha sing tentara iku ambek ngusap-ngusap pipine sing kenek kaplok melok mbatin pisan, "Jangkrik, gak melok ngesun tapi kenek kaplok. Dikiro aku pengecut tah, lek aku gelem gak usah ngenteni peteng. Wah tersinggung aku".

Arek rocker iku karo ngempet ngguyu melok mbatin pisan, "Kapan maneh rek, isok ngaplok kolonel gathik konangan. Padahal sing tak sun mau iku tanganku dhewe".

Cerito Khayal: Mbah Jo

1.7

Mbah Jo dirawat ndhik rumah sakit. Jare doktere asmane wis kronis, irungesampek dipasang selang.

Wis pirang-pirang dino iki mbah Jo meneeng ae koyok wong koma, mripate thok sing ketap-ketip. Dikiro wis wayahe mangkat, anake nyelukno mudhin ben didungakno.

Pas mudhine enak-enak ndungo, moro-moro Mbah Jo megap-megap gak isokambekan, raine pucet, tangane gemeter. Nganggo bahasa isyarat mbah Jo nirokno wong nulis. Anake ngerti maksute, langsung dijupukno kertas ambek pulpen.

Ambekmegap-megap, mbah Jo nulis surat. Karo siso-siso tenogone mbah Jo ngekekno surate iku mau nang pak Mudhine. Ambek Pak Mudhine kertase iku mau langsung disaki, rasane kok gak tepak moco surat wasiat saiki, pikire pak Mudhin.

Mari ngesaki surat pak Mudhin nerusno ndungone. Gak sui mari ngono mbah Jo mangkat. Akeh wong sing kelangan, soale masio sangar, mbah Jo iku wonge apikan.

1.8 Cerito Khayal: Jin

Pas selamatan pitung dinane Mbah Jo, Pak Mudhin diundang maneh. Mari mimpin ndungo, Pak Mudhin lagek iling lek dhe'e nganggo klambi batik sing digawe pas mbah Jo mangkat. Lha ndhik sake lak onok titipan surate Mbah Jo tah, waduh selamat iling aku rek, pikire pak Mudhin.

"Derek-derek sedoyo, onok surat seko almarhum Mbah Jo sing durung taksampekno nang peno kabeh.

Lek ndhelok mbah Jo pas uripe, isine mestine nasehat kanggo anak putune kabeh. Ayok diwoco bareng-bareng isi surate". Mari ngono pak Mudhin ngerogoh surat ndhik sake, bareng diwoco tibake munine..

HE.. NGALIO DHIN !!! OJOK NGADHEK NDHIK SELANG OXI-GENKU !!!

Cerito Khayal: Jin | 1.8

Mari kekeselen ngerombeng gak oleh-oleh, Kayat katene ngaso ngisore witasem, mripate nguantuk, sikile kemeng, wetenge lue.

Sik tas katene keturon, dhadhak sikile ngincak botol. Bareng botole dijupuk dhadhak metu beluke, Kayat mencolot kuaget.

"Hua ha ha ha, jenengku jin botol, telu panjalukmu bakal tak turuti," jare jine.

"Gak percoyo aku, paling kon kate mbujuki aku.

Biyen aku iki guanteng lan sugih, lha saiki aku malih ireng mlarat koyok ngene iki mergo dibujuki ambek jin" jare Kayat.

"Lho biyen iku be'e awakmu pethuk ambek jin kaspoo, lha aku iki lak jin apikan tah, dhadhi wis gak usah khawatir.

Opo maneh awakmu wis kadung koyok ngono, gak bakal isok luwih soro maneh, wis tah gak rugi pokoke.

Lek gak percoyo, cobaken dhisik ae njaluk opo" jare jine maneh.

"Yo wis, awas lek awakmu mbujuki. Tak gibheng kon !!!.. Sing pertama, aku kepingin ndhuwe dhuwik sak karung," jare Kayat

"Meremo dhiluk.." jare jine. Ting... Pas melek moro-moro ndhik ngarepe Kayat wis onok dhuwik sak karung, seket ewuan kabeh.

"Sik gak percoyo tah awakmu, saiki njaluk opo maneh .. ?" jare jine.

1 Humor Suroboyoan Jilid Siji

"Saiki aku njaluk omah mewah sak montore, pokoke lengkap sembarange." jarene Kayat.

"Meremo dhiluk.." jare jine.

Ting... Pas melek moro-moro Kayat wis nang njero omah mewah. Kayat sueneng gak karuan.

"Lha saiki kari sithok panjalukmu sing isok tak turuti, pikiren sing temenan cik gak getun" jare jine.

Ambek merem-merem mbayangno, Kayat njaluk, "Aku kepingin kulitku malih putih wudho dirubung wong wedhok akeh".

Pas katene melek, samar-samar Kayat krungu suorone wong wedhok rame ambek keroso awake dicekel-cekel. Tapi kok mambu iwak pindang, pikire Kayat mulai curiga.

Bareng melek, Kayat kuaget lha kok wis nang tengah pasar, tibake Kayat wis dhadhi tahu. . .

Urip Bebojan: Kaspo thok !!!

1.9

Sudjak pamitan ambek bojone kate tuku rokok sedhiluk. Mari tuku rokok, dhadhak Sudjak kepethuk bekas pacare biyen.

Gak keroso enak-enak sir siran dhadhak wis jam rolas bengi.

"Waduh blaen iki, isok mencak-mencak bojoku. Aku njaluk wedhakmu sithik." jare Sudjak ndhik bekas pacare.

Mari njaluk wedhak, Sudjak pamitan mulih.

"Ndhik endhi ae peno iku Cak, tuku rokok nang Hongkong tah ?" bojone mulai purik.

"Ngene lho dhik, mari tuku rokok aku pethuk cewek ayu terus dijak sir siran sampek lali mulih" jare Sudjak.

"Cak.. cak.. modelmu ae athik sir siran barang.. sik ndhelok tanganmu !!!" jare bojone Sudjak.

Pas didhelok, tangane Sudjak putih kabeh. "Kaspo thok . .!!! Mene sampek konangan karambol maneh awas kon yo !!!"

Urip Bebojoan: "Rp. 200,000"

1.10

Sore-sore jam 3 onok tamu teko omahe Cak No.

"Kulo nuwun. Aku Kusen ning. Cacakmu onok tah ?" jare tamune.

"Sik durung mulih.. diluk ngkas paling, pinarak sik cak.." jare bojone Cak No. Mari ngono arek loro malih asik ngobrol ambek ngenteni Cak No mulih.

"Sik tah ning, lek tak sawang-sawang sampeyan iku ayu lho athik seksi pisan" Kusen mulai ngerayu.

"Peno jok macem-macem lho, tak kandakno bojoku tebhal sampeyan" jare bojone Cak No.

"Ngene lho ning, aku wis gak tahan maneh. Lek aku oleh sun pipi sampeyan pisan ae, dhuwik satus ewu iki jupuken" jare Kusen ambek ngetokno seket ewuan loro.

Pikire bojone Cak No, mek disun thok ae, gak bakal konangan, opo-maneh jamane krismon lak lumayan tah.

"Yo wis, tapi diluk ae yo". jare bojone Cak No.

Mari ngesun, Kusen ngekekno dhuwike.

"Tapi ning, aku sik gak lego lek gak ngesun karo-karone. Lek oleh ngesun sitoke, tak kei satus ewu maneh" jare Kusen.

Pikire bojone Cak No, yo gak opo-opo se, paling mek diluk koyok mau. Mari ngesun, Kusen ngetokno satus ewu maneh.

Bojone Cak No sueneng gak karuan, "Sing iki pisan cak... gae bonus", jarene.

Mari ngono Kusen terus pamitan alasane kesuwen ngenteni Cak No gak teko-teko soale katene arep onok urusan liyo.

Gak sui, Cak No mulih.

"Cak mau onok konco sampeyan teko jenenge Kusen, wonge antik pol.." bojone cerito.

"Oh iyo pancen mbethik arek iku.. Jarene kate nyaur utang rongatus ewu, wis dibayar tah?"

Urip Bebojoan: Mulih Gasik

1.11

Munawar, Sapari ambek Kelik kerjo ndhik pabrik paralon. Arek telu iki wis sui koncoan apik, cumak sayang Kelik wonge rodhok ndlahom sitik.

Arek telu iki niteni, ben dino bosse mesti mulih ndhisiki, jam loro awan ngono wis amblas.

Sui-sui arek telu iki mangkel kate melok-melok.

”Wis ngene ae rek, mene lek boss moleh awan, kene yo melok mulih awan pisan” jare Munawar.

Menene temenan, jam loro awan bosse wis mulih. Langsung ae arek telu iku melok amblas.

Munawar gak moleh tapi langsung nang bengkel mbenakno sekok sepeda montore.

Lek Sapari mek salin thok terus budhal mancing.

Kelik thok sing mulih omah, langsung njujug kamar. Lawang kamare dibukak alon-alon, karepe kate ngageti bojone. Dhadhak malah Kelik dhewe sing kaget. Masalae pas lawange dibukak Kelik ndhelok bojone lagi turu ambek bosse. Mari ndhelok ngono, Kelik nutup lawange maneh alon-alon terus minggat.

Menene Sapari ngejak mulih gasik maneh, ”Lumayan rek aku wingi oleh tombro gedhe-gedhe”.

”Ayok wis, aku tak melok kon mancing ae” jare Munawar.

Kelik thok sing gak gelem ”Gak wis, gathik!!!. Kapok aku”.

”Lho opoko kon iku.?” takok konco-koncane.

”Soale wingi aku meh konangan..”

Urip Bebojoan: Babaran | 1.12

Bojone Turkan mbobhot guedhe, wis kari ngitung dino. Jare konco-koncane, onok dukun sekti jenenge Wak So sing isok mindahnolorone wong ngelairno seko ibuke ndhik bapake jabang bayi.

Mergo kepingin nyenengno bojo, Turkan manut opo jare konco-koncane.

Pas wis wayahe, Turkan ngeterno bojone ndhik nggone Wak So.

Karo Wak So, Turkan ditakoni kiro-kiro sak piro kuate nanggung lorone wong babaran. Gawe permulaan Turkan njaluk seprapat dhisik. Ambek Wak So, Turkan sikile dicancang tali rapia terus dikongkon cekelan amben sing kuat, soale masio mek seprapat, lorone wis gak ketulungan.

Mari moco aji-aji, Wak So mulai mindahno lorone bojone Turkan sing wistambah mules.

Tibake Turkan menter gak bengok-bengok blas.

Wak So bingung, cik kuate arek iki. Malah Turkan njaluk ditambah maneh lorone. Ambek Wak So dipindahno maneh lorone sampek separo.

Tibake Turkan tetep menter gak keroso loro blas.

Mergo sik keroso kuat, Turkan njaluk ditambah maneh lorone sampek telungprapat. Masio bingung Wak So tetep nuruti panjaluke Turkan iku.

Tibake Turkan sik pancet menter, cumak rodhok pucet sitik. Jarene Turkan, "Wis Wak So, lorone kekno aku kabeh ae, cik bojoku gak usah ngerasakno loro blas".

Mari ambekan dhowo, Wak So ngepolno tenogone gawe mindahno lorone ndhik Turkan kabeh.

Gak sui ngono bayeke langsung lahir. Bojone Turkan ketok seger mergo gak loro blas, baye ke yo seger, Turkan yosik isok mesam-mesem.

Ambek Wak So, Turkan disalami, "Hebat awakmu nak".

Gak sui Turkan sak keluarga pamitan mulih.

Bareng katene mlebu montor, supire Turkan digugah mueneng ae, tibake wis mati

Urip Bebojan: Bakul Bakwan

1.13

Enak-enak turu tengah wengi, anake cak Sronthol nuangis koyok wong kewedhen.

”Aku ngimpi mbah Kakung mati ...” jare anake.

”Wis gathik mewek, turuo maneh, iku ngono mek ngimpi” jare cak Sronthol.

Isuke onok interlokal ngabari lek Bapake Cak Sronthol kenek serangan jantung, mati.

Minggu ngarepe, anake nangis maneh tengah wengi. ”Aku ngimpi mbah Putri mati...” jare anake.

”Wis tha percoyo aku, iku ngono mek ngimpi, age ndhang turuo maneh” jare cak Sronthol.

Menene onok interlokal maneh lek ibuke cak Sronthol tibo kepleset ndhik jedhing, mati pisan.

Mari pitung dhinone ibuke, anake nangis maneh tengah wengi.

”Aku mimpi bapakku mati... ” jare anake.

”Koen ojok percoyo ambek ngimpi, wis kono turuo maneh” jare cak Sronthol.

Mari anake turu maneh, genti cak Sronthol sing gak isok turu. Ketapketip, pucet kewedhen dhewe, pas temenan aku kate mati pikire.

Isuke bojone cak Sronthol genti sing nangis berok-berok.

”Opoko koen iku isuk-isuk wis mbrebes mili ?” jare cak Sronthol.

”Iku lho Cak.... bakul bakwan langgananku mati...”

Urip Bebojan: Purik

1.14

Sumar lagi enak-enak nontok bal-balan ndhik tv, moro -moro bojone ngeriwuki ”Cak, lampu terase pedhot, tulung pasangno sing anyar po’o”.

1.15 Wonokairun ambek Bunali: Ngumbah Kucing

"Masang lampu ?!!!. Kon kiro aku iki PLN tah...!!! " jare Sumar muring-muring.

"Yo wis lek gak gelem, ngene ae cak, tulung benakno kran banyu ndhik jeding po'o cak, eman banyune amber-amber" takok bojone maneh.

"Mbenakno kran ?!!!. Kon kiro aku iki PDAM tah ...!!! " jare Sumar ambek menteleng.

"Lengo gase yo entek pisan cak, lek sampeyan tuku rokok aku tulung tukokno pisan po'o cak.."

"Dikandani jek nambeng ae arek iki, kon kiro aku iki PERTAMINA tah ..!!! "

Sumar tambah mangkel. Mergo mangkel diriwuki terus, Sumar minggat nontok bal-balan ndhik omah koncone. Mulih jam loro isuk, Sumar kaget terase wis padhang.

Pas wisuh ndhik jeding banyune yo wis gak amber maneh. Sumar yo ndhelok lek jerigen lengo gase wis diisi full.

Isuke Sumar takok ambek bojone sopo sing nulungi.

"Ngene lo cak, mari sampeyan minggat mau, aku nuangis ndhik ngarep omah. Mari ngono onok arek lanang ngganteng teko.

De'e takok opoko kok nangis. Aku yo cerito lek lampuku pedhot, kranku bocor,lengo gasku entek, bojoku purik.

Lha de'e nawakno kate nulungi cumak onok sarate.... " bojone cerito.

"Opo sarate?" Sumar mulai curiga.

"Sarate iku aku isok milih, nggawekno roti utowo nglencer karo de'e " jare bojone.

"Lha terus kon nggawekno roti opo..? " Sumar takok maneh.

"Nggawekno roti ?!!!. Kon kiro aku iki Pabrik Roti tah !!!..."

**Wonokairun ambek Bunali:
Ngumbah Kucing**

1.15

Wonokairun tuku rinso ndhik tokone Bunali.

"Mbah, kok dengaren sampeyan umbah-ubah dhewe?" takok Bunali.

"Aku katene ngumbah kucing" jare Wonokairun.

"Gak salah tah Mbah." Bunali bingung.

1 *Humor Suroboyoan Jilid Siji*

"Iyo soale kucingku akeh tumane." Jare Wonokairun.

"Wah yo isok mati kucing sampeyan Mbah" Bunali ngilingno.

"Lho koncoku wingi ngono, yo gak opo-opo" jare Wonokairun. Mari mba-
yar, Wonokairun mulih katene ngumbah kucinge.

Sisuke, Wonokairun teko maneh ndhik tokone Bunali kate tuku rokok.

"Yok opo kucing sampeyan Mbah ?" takok Bunali.

"Kucingku mati " jare Wonokairun.

"Lho lak temen tah. Sampeyan iku tak kandhani gak percoyo. Laopo
kucing atik diumbah ambek rinso, wong onok obat tumo" jare Bunali nye-
neni.

"Kucingku mati gak mergo rinso" jare Wonokairun njelasno.

"Opoko lho ???" Bunali gak sabar.

"Tak peres"

Wonokairun ambek Bunali: Y u y u

1.16

Sore-sore Wonokairun dijak ngobrol ambek Bunali.

"Mbah. Jare arek-arek sampeyan wis rabi ping telu. Yo tah ? " takok
Bunali.

"Yo bener. Tapi bojoku wis tebhal kabeh. " jare Wonokairun.

"Lho kok isok ?" jare Bunali.

"Sing pertama mati nguntal yuyu. " jare Wonokairun

"Lha sing kedua ?" takok Bunali

"Sing kedua mati nguntal yuyu. " jare Wonokairun.

"Lha sing ketiga yo nguntal yuyu pisan " jare Bunali kemeruh.

"Gak. Matine mergo tak gibheng." jare Wonokairun.

"Lho opoko ?" takok Bunali.

"Soale gak gelem nguntal yuyu . . ."

1.17 Wonokairun ambek Bunali: Mancing

**Wonokairun ambek Bunali:
Mancing**

1.17

Sore-sore mari udhan, Wonokairun mancing nang got cilik ndhik ngarepe warunge Mbok Ten.

Ambek rokokan klobhot, Wonokairun ndhodhok sarungan nyekeli pancinge.

Wong-wong sing katene andhok mesti ndhelok Wonokairun. Onok sing sakno, onok sing kudhu ngguyu, onok sing ngiro wong gendheng yo onok sing cuek ae.

Gak sui Bunali teko katene andhok pisan.

Bareng ndhelok Wonokairun koyok ngono langsung gak mentolo.

"Mbah, ayok melok aku mangan, wis tah tak bayari ojok kawatir." jare Bunali.

Pertama Wonokairun isin-isin gak gelem, tapi mari dibujuk-bujuk akhire gelem.

"Sampeyan pesen panganan opo ae sak senenge," jare Bunali.

Mari mangan warek, Bunali nejak Wonokairun ngobrol.

"Sampeyan mancing ndhik peceren kono mau mosok onok iwake?" takok Bunali.

"Yo onok rek !! Lek gak, lha lapo tak belani ndhodhok sarungan sak uwen-uwen." jare Wonokairun.

"Mosok se Mbah. Wis oleh iwak piro Sampeyan?" jare Bunali gak percoyo. "Awakmu sing ke limo . . ."

**Wonokairun ambek Bunali:
Minimarket**

1.18

Wonokairun lagi blonjo ndhik minimarket cedhak omahe. Sing dituku tibake daging kalengan gawe pakane kucing.

Pas katene mbayar, Wonokairun ditakoni kasire.

1 Humor Suroboyoan Jilid Siji

”Mbah, lek sampeyan katene tuku pakan kucing iki, sampeyan kudhu mbuktekno lek sampeyan iku ndhuwe kucing. Aku khawatir lek tibake pakan kucing iki sampeyan emplok dhewe.” jare Bunali, kasire.

Wonokairun gak protes, mulih diluk, mbalike nggendhong kucing dipamerno ndhik Bunali.

”Iki kucingku ” jare Wonokairun ambek mbayar daging kalengan gawe kucinge.

Sisuke Wonokairun teko maneh ndhik minimarket, saiki tuku biskuit balung pakane asu.

Pas katene mbayar, ditakoni maneh ambek Bunali.

”Mbah, sampeyan ndhuwe asu tah ?. Aku khawatir lek tibake pakan asu iki sampeyan emplok dhewe.” jare Bunali, kasire.

Wonokairun gak protes, mulih diluk, mbalike nuntun asu dipamerno ndhik Bunali.

”Iki asuku ” jare Wonokairun ambek mbayar biskuit balung gawe asune.

Sisuke Wonokairun teko maneh ndhik minimarket, saiki nenteng kardus bekase indomi sing pinggire dibolongi sak driji.

”Mbah, sampeyan katene tuku pakane ulo tah ? ” jare Bunali.

”Iki isine dhudhuk ulo. Cobaken tanganmu lebokno kene lek pingin ngerasakno. Wis tah tak jamin gak bakal nyatek. ” jare Wonokairun.

Pertama Bunali rodhok wedhi, tapi mari dibujuk Wonokairun akhire Bunali kendhel. Drijine dilebokno ndhik bolongane kerdus. Tibake njerone onok gembuk-gembuke.

Pas drijine ditarik maneh, ambune malih gak whuenak. Bunali misuh-misuh gak karuan, ” Damput, ancene wong dhobhol, lha laopo aku sampeyan kongkon ndhemok tembelek.”

”Saiki, oleh tah aku tuku tisu kamar mandi ? ”.

Wonokairun ambek Bunali: Pikun

1.19

Sore-sore Wonokairun nangis gerung-gerung ndhik pinggir embong ambek napuki sirahe.

1.20 Romlah: Kulit Mungsuh Kulit

Gak sui Bunali liwat, begitu ndhelok onok wong tuwek nangis langsung mandhek nakoni. "Mbah, laopo sampeyan nangis ndhik pinggir embong?" takok Bunali.

"Aku ndhuwe bojo anyar ndhik omah, sik tas ae tak rabi, umure 20 taun, sik enom, ayu, semlohe." jare Wonokairun ambek nangis.

"Lho lak enak se sampeyan, laopo kok nangis lho?." Bunali mulai bingung.

"Ngene lho cak, wis ayu, bojoku iku yo pinter masak. Opo ae kari njaluk, jangan asem, rawon, brengkes, sembarang sing enak-enak pokoke." jare Wonokairun.

"Lha kurang opo maneh sampeyan Mbah. Ngonono kok sik mewek ae." Bunali tambah bingung. "Mari ngono yo, bojoku iku setia pol ambek aku. Lek onok sing nggudho langsung dikandhakno aku." jare Wonokairun maneh.

"Lek ngono ceritane, lha terus opoko sampeyan kok nangis gerung-gerung gak mari-mari?" Bunali wis gak sabar meneh.

"Masalae aku lali ndhik endhi omahku"

Romlah: Kulit Mungsuh Kulit

1.20

Pak Imron ndhuwe anak wedok jenenge Romlah. Anake iki waduh uwayune pol.

Selain iku Pak Imron yo nduwe pembantu jenenge Soleh. Pembantune iki areke mbethik. Masio Nakal tapi Soleh iku areke sregep, dikongkon sembarang mesti gelem.

Lha Soleh iku wis suwe ngesir Romlah. Berhubung de'e pembantu dadi Soleh gak wani nggudho langsung.

Akhire Soleh oleh kesempatan....

Pas Romlah turu ndhik kamar, Bapake Romlah nyeluk Soleh tekok kamare, "Leh . . . Soleh, Bapak jupukno sandal ndhik kamare Romlah cepetan".

"Iyo pak, tak jupukno" jare Soleh, mari ngono Soleh mlebu Nang kamare Romlah

1 Humor Suroboyoan Jilid Siji

"Lah . . Romlah, aku dikongkon bapak ngesun pipimu" jare Soleh.
Romlah kaget lan gak percoyo, "Leh.. koen ojek kurang ajar lho. Engkok koen tak kandakno Bapak."
Soleh terus mbengok banter," Pak..pak.. Romlah gak gelem pak."
Bapake Romlah emosi dibengoki Soleh, mari ngono ngomong banter,
"Romlah kekno ae, ojo nbantah perintahe Bapak." Romlah terpaksa manut, terus pipine disun karo Soleh.
Mari ngesun pipine Romlah, Soleh njupuk sandale terus mblayu nang kamare
Bapak, "Pak.. pak, iki lho sandale sampeyan," jare Soleh.
Mari ngono Pak Imron metu tekok kamar. Pak Imron kaget ndhelok Romlah Nangis, "Lah.. Romlah awakmu opoko kok Nangis".
"Aku mari diambung karo Soleh", jare Romlah.
"Opoo !!!" jare Bapake Romlah ngamuk, saking ngamuke sampek ngen- tut duuut.
"Leh ... Soleh koen kok wani ngesun Romlah !!!".
"Pak .. pak, sampeyan ngono ae kok ngamuk, iki lak cuma kulit mongso kulit " jare Soleh.
Akhire Bapake Romlah gak sidho ngamuk didem-demi Soleh. Gak suwe ibuke Romlah mulih tekan pasar.
Ibuke Romlah kaget pisan ndhelok Romlah nangis. Bareng ngerti lek Romlah disun Soleh, Ibuke Romlah terus muntap, duren sing sik tas dituku dijupuk terus digebekno nang raine Soleh.
Soleh nangis gerung-gerung ngrasakno lorone.
Mari ngono Bapake Romlah ngomong Nang Soleh, "Leh . Soleh, iku lak cumak kulit mongso kulit ae. Mosok ngono ae wis Nangis".
"Pancene sampeyan iku gendeng Pak !! " jare Soleh ambek nangis.

Romlah: Gantine Soleh

1.21

Mari raine digebeg duren, akhire Soleh njaluk metu. Mari ngono, Pak Imron oleh ewang anyar jenenge Sutaji. Lha Sutaji iku awake dempal cumak wonge ndlahom, lek diperintah musti ngelakonine kewalik.

1.22 Romlah: Nginceng Kamut

Isuk-isuk, Romlah ambek mboke ngrasani Sutaji.

”Mak, ewange Bapak iku lho wuantik poll wonge. Wingi lak dikongkon Bapak ngedhuk sumur cik tambah jeru, lha terus lempunge digawe nguruk pekarangan.

Lha pas sore kate ngangsu, Bapak iku muring-muring nggoleki sumure gak onok. Tibake jare Sutaji, sumure wis diuruk roto. Pekarangane sing malah bogang kabeh.

Ngono Bapak gak wani, jarene wedhi digibheng ”. Mboke Romlah cerito pisan.”

Iku sik gak sepiro, lha wingi iku Sutaji tak kongkon tuku pithik. Aku pesen tulung brutune buaken, terus susuke simpenen ngisore bantalku.

Dhadhak pas aku katene turu, bantalku kok mbendhol. Tibake bantalku diganjel brutu. Bareng tak takoni endhi dhuwik susuke.

Wis tak buah, jarene.” Pas enak-enak cerito, moro-moro krungu suoro Pak Imron berok-berok ndhik pawon. ”Tulung ! ! Tulung ! ! ”

”Waduh blaen iki. Age cepetan, bapakmu selak mlonyoh kabeh” jare mboke Romlah.

”Lho Bapak lak sik mbangkong se” jare Romlah.

”Iyo. Tapi Sutaji mau tak kongkon nggodhok pohong gawe sarapane Bapakmu !!”.

Romlah: Nginceng Kamut

1.22

Gempil ambek Togog enak-enak cangkruk di sore hari. Moro-moro Romlah, anake Pak Imron, liwat numpak sepeda. Arek telu iku langsung ngowo ndhelokno.

” Arek ayune koyok ngono lek turu yok opo yo ?” jare Kamut.

”Lek turu yo merem rek. Lak mosok koyok awakmu, lek turu nyengir koyok jaran” jare Gempil. ”Maksudku, klamben tah gak ngono lo”. jare Kamut.

”Lek ngono, engkok bengi diinceng tah ?” jare Gempil gunggungan.”Wah iyo rek tepak rek.” jare Kamut.

1 Humor Suroboyoan Jilid Siji

Lha Togog iku awake gedhe tapi wonge gocik. "Gak melok-melok aku. Mboke sangar rek. Kapanane Soleh digebeg duren raine bundhas kabeh" jare Togog.

"Omahe lak tingkat. Ngene ae. Awakmu lak gedhe tah. Tugasmu nggendhong aku ambek Gempil. Aku sing ndhik ndukur. Lek wis ketok, aku nyeritakno nang Gempil, terus Gempil nyeritakno nang awakmu." jare Kamut maneh.

"Yo wis setuju." mari ngono arek telu iku buyar ngenteni bengi.

Bengine, sesuai rencana Togog sing paling ngisor, mari ngono Gempil ndhik tengah terus Kamut paling ndukur.

"Areke lagi surian" Kamut mulai cerito.

"Areke lagi surian" Gempil nerusno ndhik Togog.

"Yo tah?." jarene Togog.

"Areke lagi bukak klambi" Kamut mulai cerito.

"Areke lagi bukak klambi" Gempil nerusno ndhik Togog. "Mosok se?." jarene Togog, ambek sikile mulai kemeng.

Moro-moro Togog ndhelok onok sentolop seko kadhoan.

"He rek onok Hansip, age cepetan" mari ngono arek telu iku semburat ndhelik.

Mari ngono, Hansipe nggoleki gak ketemu. Onoke mek karung telu. Ambek Hansipe karunge disuadhuk. Sing pertama isine Kamut, pas disadhuk munine "Meeoong."

"Oooh kucing tibake" pikire hansipe

Sing kelo isine Gempil, pas disadhuk munine "Guk..guk!."

"Oooh kirik tibake"

Lha sing terakhir iku isine Togog, bingung katene muni opo.

Bareng disadhuk dhadhak munine " Kentaaang !".

Romlah: Telulas

1.23

Sore-sore Sutaji mlebu omah berok-berok, ambek raine ditutupi. Sak omah melok gupuh kabeh.

1.24 Romlah: Maling

Ambek mboke Romlah ditakoki, "Opoko awakmu iku, pencilakan koyok tandhak bedhes?"

Sutaji gak langsung njawab, pas tangane dibukak raine bundhas abang kabeh. Lambene njedhir getien.

Mari diombeni banyu, Sutaji rodhok adem terus isok cerito ndhik Romlah.

"Ngene lho. Aku lak mari ngandangno wedhuse Bapak ta. Lha aku krungu akeh arek cilik-cilik bengok-bengok ambek kotekan ngene..telulas teng teng teng... telulas crek crek crek... telulas teng teng teng . . . terus ae dibolan-baleni. Tak goleki suarane tibake ndhik njero gardu hansip.

Tak dhelok gedheke bolong persis sak ndhasku. Saking penasaran onok opo, gardhune tak cedaki, tibake suorone tambah banter... telulas teng teng teng ... telulas crek crek crek ...terus ae.

Tak pikir paling iku arek-arek lagi totoan. Lagek ae ndhas ku njengongok ndhik bolongan iku mau, moro-moro arek-arek iku nggepuki raiku ambek kulit duren, godhong blarak, sapu, panci gosong, kentes hansip sembarang kalir sampek bundhas kabeh koyok ngene.

Pas aku isok narik ndhasku, aku langsung plencing, mlayu sipat kuping. Lha mari ngono arek-arek iku mau mbengok maneh . .pat belas teng teng teng... pat belas crek crek crek...pat belas teng teng teng"

Romlah: Maling

1.24

Mari ngunci kandang sapi, Sutaji mergoki onok arek menek ondho katene mlebu kamare Romlah.

Ambek Sutaji, ondhone digedrok-gedrok sampek malinge ceblok. Mari ngono, malinge diseret dilebokno kandang ndhik mburi omah.

Mari klambine dicopoti kabeh, malinge iku mau dicancang nang cagak.

"Kapokmu kapan !!, mene isuk tak lapurno juraganku, saiki turuo ae sing kepeNak" jare Sutaji.

Isuke Sutaji ngejak bapake Romlah marani maling sing dicancang Sutaji. Bareng diparani tibake malinge semaput, awake pucet, peok, ambune basin, ambek dhodhone abhang kabeh.

1 Humor Suroboyoan Jilid Siji

"Lho Ji, iki Na Togog sing mbiyen nginceng anakku. Waduh saknone arek iki Ji, mari kon kelamuti tah Ji ?".

"Lha lapo aku ngelamuti maling !!!, sampeyan takokno dhewe Nang areke". Mari diguyang banyu, malinge tangi maneh.

"Opoko kon iku Le?" jare Bapake Romlah.

"Ampun Pak... sak wengi aku bengok-bengok gak onok sing nulungi. Pedhet sampeyan iku gak onok mboke tah ?".

Romlah: Mo Limo

1.25

Mari dikelamuti pedhet, Togog dilapurno nang polisi ambek bapake Romlah. Ambek polisine Togog terus dilebokno penjara.

Tibake penjarane wonge sangar-sangar, brewokan, dempal-dempal akeh tatone. Isine kiro-kiro satus, onok preman, jagal, bromocorah, korak lan sak panunggalane.

Togog malih wedhi, opo maneh durung tau mlebu penjara. Pas wayahe antri mangan, Togog mulai oleh konco.

"Awakmu wong anyar yo ?" jare konco anyar iku.

"Iyo . . ." jare Togog.

"Wis gak usah pusing, ndhik penjara iku malah enak. Mangan ditanggung, klambi dijatah, turu gak mbayar. Opo maneh ndhik penjara iki awakmu isok nglakoni sing jenenge Mo Limo sak tuwukmu." jare koncone Togog.

"Lho cik enake. Opo ae acarane ndhik kene ? takon Togog.

"Bengi iki malem Senen, acarane maling. Kabeh Napi ndhik kene saling copetcopetan. Lha dhuwike bakal digawe main malem Selo sisuk.

Awakmu arek anyar kudhu isok nyopet dhuwik sing akeh, mergone biasane arek anyar sing dikongkon dhadhi bandare ", jare koncone Togog.

"Oo gak masalah iku, ndhik kampung aku tau dhadhi bandar buntutan. Tapi lek digerebeg polisi yok opo ?" jare Togog.

"Katene digerebeg yok opo maneh, wong awakmu wis ndhik penjara. Lha malem Rebone iku acarane minum. Biasane arek anyar koyok awakmu dikongkon ngentekno bir limang botol", jare koncone Togog.

1.25 Romlah: Mo Limo

"Oo gak masalah iku, sepuluh botol ae sik kuat aku" jare Togog.

"Mari ngono, malem Kemise iku acarane madhat. Pokoke sembarang onok, ganja, sabu-sabu, heroin, sak tuwukmu", jare koncone Togog.

"Wah tepak wis, lek aku senenge sabu-sabu. Tapi lek kecekel polisi yok opo ?", jare Togog.

"Lek awakmu nyabu ndhik hotel, pasti digerebeg terus dilebokno penjara. Lha wong awakmu wis ndhik penjara, katene dilebokno endhi maneh. Wis tah, pokoke aman." jare koncone Togog.

"Wah sip lek ngono. Lha malem Jum'at acarane opo ? jare Togog.

"Awakmu homo tah dhudhuk ?" takon koncone Togog.

"Ngawur ae, aku iki normal rek !!! " jare Togog.

"Wah berat iki cak ", jare koncone Togog.

"Lho opoko masalae ? " takon Togog.

"Soale malem Jum'at, malem Sabtu ambek malem minggu iku acarane madhon. Lha biasane arek anyar iku sing dhadhi wedhoke ".

1 Humor Suroboyoan Jilid Siji

2

Humor Suroboyoan Jilid Loro

Derek-derek sedoyo,

Persis koyok jilid siji, banyolan sing onok ndhik buku iki asale yo seko ngrungokno omongane konco-konco, sanak kadhang lan tonggo teparo sing podho step.

Sing jenenge mblakrak, ceritone yo durung karuan bener sing penting lucu. Ndhik buku jilid loro iki ceritone wis dicampur dhadhi siji, gak onok bab siji sampek bab papat maneh. Tapi isine kiro-kiro sik pancet, Wonokairun sik sueneng tukaran ambek Bunali, Muntiyadi sik pancet dhadhi tentara, cerito khayale yo sik onok.

Mugo-mugo ae buku iki isok dhadhi tamba peno kuabeh sing menderita gejala angel mesem, rai mbetutut utowo gak isok nyengir.

Suwun Budhi

Santoso Paiton, September 2001

Diuber celeng | 2.1

Sore-sore mari mulih angon, Bunali pethuk ambek Brudin.

"Waras ta !! " jare Brudin ndhik Bunali.

"Waduh dino iki aku meh mati disruduk celeng " jare Bunali.

"Lho kok isok ngono, yok opo ceritane ?" jare Brudin.

"Mau awan iku aku pethuk celeng, terus tak garai, tak kileni ambek pring dhadhak nguamuk. Aku diuber-uber katene disrudhuk, untunge iku celenge bolak-balik tibo kepleset, dhadhi aku sempet menek wit klopo". jare Bunali.

"Waduh cik sereme, lek aku sing ngalami wis pucet kepuyuh-puyuh gak karuan" jare Brudin.

"Lho, aku iyo ngono, kon pikir celenge kepleset opo ?"

Drakula | 2.2

Onok drakula loro jenenge Kentus ambek Kentir Arek loro iki wis sak wengi gentayangan golek mbun-mbunan gak oleh-oleh.

Wis meh katene isuk Kentir mbalik atik lambene abhang kabeh belepotan getih.

Ndhelok ngono, Kentus malih purik, "Waduh awakmu kok isok oleh getih akeh ?".

"Awakmu kepingin tah ?. Ayo melok aku !!! " jare Kentir.

Mari ngono arek loro iku miber bareng. Gak sui terus anjlok ndhik wuwungane bangunan.

"Awakmu kethok cagak gendero ndhik ngisor iku ?" takok Kentir.

"Yo kethok rek !! Sing cedhake pos satpam iku se ," jare kentus.

"Wah hebat awakmu . ." jare Kentir.

"Lho opoko masalae ? " takok Kentus.

"Soale aku mau gak kethok . ." jare Kentir.

Asmuni | 2.3

Bunali lagi kulak sandal nang pasar. Moro-moro onok arek marani Bunali.

"Lho sampeyan iki Asmuni Srimulat yo?" takok arek mau.

"Dhudhuk !. Ngawur ae!!" jarene Bunali.

"Ojo mbujuki aku tah. Sampeyan mesti Asmuni!" jarene arek mau ngeyel.

Bolak-balik Bunali negesno lek dheke dhudhuk Asmuni Srimulat, tapi arek mau tetep ae ngotot gak percoyo. Ndhik endhi ae Bunali ditututi ambek arek iku mau.

Mergo mangkel, akhire Bunali ngiyakno, cik arek iku ndang ngalih.

"Yo wis tak akoni aku pancene Asmuni Srimulat!. Kate lapo kon !!"

"Tapi kok gak mirip blas yo?" jare arek mau ambek nginclik.

ASI | 2.4

Yuk Jah lungo nang dokter anak ambek nggendhong bayek. Gak sui Yuk Jah diceluk mlebu, tibake doktere guanteng.

Mari merikso bayeke, doktere takok nang Yuk Jah, "Ning, arek iki ngombe ASI opo susu botol ?"

"ASI pak dokter . . ." jare Yuk Jah.

"Wah lek ngono tulung aku prelu merikso susu sampeyan, " jare doktere.

Yuk Jah nurut, klambine dibukak. Mari ngono ambek doktere diperikso alon-alon. Yuk Jah seneng ae, soale enak ambek doktere kan ganteng pisan.

Wis mari merikso, doktere ngomong ngene, "Waduh Ning, yo pantes bayek sampeyan kuru, wong sampeyan iku gak ndhuwe susu."

Jare Yuk Jah, "Dhudhuk aku sing nyusoni pak dokter".

"Lha sopo maneh lho ? ." doktere bingung.

"Aku iki ewange . ."

Mo Limo bag 2

2.5

Mari nilep dhuwik makelaran , akhire Bunali pindah omah nang luar kota golek ketenangan. Dhuwike ditukokno omah ndhik walike gunung kemukus. Ndesone pancen suepi gak onok wong blas.

Paling banter Bunali metu tuku kebutuhan sakwulan pisan, sisane yo wis ndhik omah dhewekan gak onok sing ngeriwuki. Pokoke uripe tenang dan damai gak onok sing ngganggu maneh. Sui-sui sakjane Bunali yo kroso kesepian.

Kiro-kiro wis rong sasi, pas enak-enak nyruput kopi sore-sore moro-moro onok wong sing dhodhok omahe Bunali.

"Kulo nuwun, kenalno jenengku Wonokairun, omahku kiro-kiro rong kilo seko kene. Aku katene ngundang sampeyan mangan-mangan ndhik omahku jam pitu bengi. ". jare tamune Bunali.

"Wah ketepakan, aku wis sui gak gumbul wong maneh. Yo wis aku tak mrono. " jare Bunali sueneng. Mari ngono Wonokairun pamit.

Pas katene metu lawang, Wonokairun mbalik maneh, "Aku meh lali, engkok onok ngombe-ngombe bir pisan."

"Wah gak masalah, aku wis biasa ngombe" jare Bunali.

Jik tas mlaku, Wonokairun mbalik maneh, "Aku meh lali maneh, engkok onok sabu-sabu pisan, tapi ojok rame-rame lho yo".

"Lho ketepakan iku, aku wis sui gak nyabu maneh," jare Bunali maneh. Wis tekan pekarangan, dhadhak Wonokairun mbalik maneh, "Sampeyan seneng gendhakan pisan tah gak ?"

"Opo maneh gendhakan, aku wis rong wulan nganggur, yo mesti ae arep rek. " Bunali tambah giras mbayangno.

"Yo wis tak enteni " jare Wonokairun.

"Lho Mbah, aku kudhu nganggo klambi opo, batikan tah sarungan thok ? " takok Bunali.

”Sak karepmu !. Wong mek onok awakmu karo aku. . .”

Wedhi karo bojo

2.6

Mari pegatan muntiyadi terus rujukan maneh karo romlah. Masalahe muntiyadi cinta pol karo romlah.

Kapanane ndek kesatuanne muntiyadi, tentara diperintah baris. Tapi komandan njaluk barisanne dibagi loro.

Barisan sing pertama tentara sing wedi karo bojone. Barisan sing kedua tentara sing gak wedi karo bojone.

Pas komandan ngecek barisan. Barisan sing pertama akeh pol. . . Barisan sing kedua cuman siji yo muntiyadi

Komandanne takok nang muntiyadi: Opo’o peno kok gak wedi karo bojo. ”Lho aku iki ndek barisan kedua, dikongkon karo bojoku” Jare muntiyadi.

Nostalgia

2.7

Pas wayahe bulan purnama, Muntiyadi ngejak Romlah ngelencer nostalgia numpak bronpit.

Mari ngono, arek loro iku tekan mburine pabrik paku.

”Dik, yok opo lek awake dhewe mbaleni lakon limang taun kepungkur pas pacaran biyen ?” jare Muntiyadi.

”Iyo cak, setuju.” jare Romlah.

Mari ngono, Romlah dilungguhno ndhik pager wesi mburine pabrik paku iku. Terus ambek Muntiyadi, Romlah dijak indehoi koyok jamane pas pacaran biyen.

Moro-moro, Romlah lunjak-lunjak ambek awake horeg kabeh. Ndelok bojone giras ngono, Muntiyadi tambah semuangat.

Wis oleh rong ronde, akhire arek loro iku nggeblak ceblok ndhik suket.

2 Humor Suroboyoan Jilid Loro

"Waduh dik, awakmu kok cik girase " jare Muntiyadi.

"Iyo cak, limang taun kepungkur, pager wesine gak onok setrume. ."

Semongko

2.8

Bunali lagi pusing soale kebon semongkone ben bengi dijarah wong, padahal lagi wayahe panen. Wis diakali macem-macem sik pancet ae akeh sing ilang.

Jarene wong sing nyolong iku Wonokairun, tapi Bunali gak wani nangkep. Akhire Bunali nemokno cara cik malinge kapok.

Sore-sore sak durunge mulih, Bunali masang papan peringatan sing onok tulisane ngene, "Awas !!! Ati-ati lek arep nyolong. Salah siji semongkoku iki wis tak suntik racun"

Mari ngitung semongkone sing mateng, kabeh onok limolas, Bunali mulih. Sisuke Bunali nyambang kebone maneh, pas di ijir semongkone sik pancet limolas.

"Wah tibake malinge gocik, tak bujuki ambek pengumuman ae wis wedhi " pikire Bunali.

Mari ngono Bunali ndhelok papan pengumumane ambruk, wah paling ketiup angin, pikire Bunali maneh. Pas diwalik, tibake papan pengumuman ditambahi tulisan ambek malinge,

"Awas !!! saiki onok loro".

Wedhus

2.9

Bunali pethuk Wonokairun lagi angon wedhus.

"Mbah, waduh wedhus sampeyan akeh yo ?" jare Bunali

"Yo lumayan " jare si Mbah

"Pira kabehe, Mbah ?" takon Bunali maneh

"Sing putih opo sing ireng ?"

"Sing putih, wis"

"Selawe"

"Wik, cik akehe. Lha sing ireng?"

"Podho..." jare Wonokairun ambek ngarit suket Bunali takon maneh.

"Mangan sukete yo akeh pisan, Mbah.."

"Yo.."

"Pirang kilo mangane sakdino ?"

"Sing putih opo sing ireng ?"

"Sing ireng, wis"

"Yo kiro-kiro limang kiloan"

"Lha sing putih?"

"Podho . . ."

Bunali bingung, laopo lek ditakoni kok kudu mbedakno sing putih tah ireng, wong jawabane yo podho ae.

"Mbah, opoko lek tak takoni perkara wedusmu, sampeyan mesti leren takon sing putih tah sing ireng barang. Padahal masiyo putih utawa ireng, jawabanmu podho terus. Sakjane ngono onok opo?"

"Ngene lho, sing putih iku wehusku..."

"Lha sing ireng ?" "Podho . . ."

Bajak Laut

2.10

Muntyadi pethuk ambek Gempil koncone sing dines ndhik angkatan darat. Tibake Gempil iku saiki sikile sing kiwo yo dingklang pisan, ambek tangane sing tengen tibake yo tughel digenti cathoke bakul beras. Sing luwih nemen maneh, motone gempil kari sing kiwo. Moto sing tengen wis cumplung ditutupi kain ireng malih koyok bajak laut.

"Lho Mun, sikilmu opoko ? " takok Gempil.

Mari ngono Muntyadi cerito pengalamane kijolan sikile wong wedhok.

"Lha awakmu opoko kok mreteli pisan ?" Muntyadi genti takok nang Gempil .

"Pas aku patroli nang Aceh, sikilku ngincak granat, langsung puthul. Pas iku onoke sikile sapi, berhubung aku gak gelem, akhire yo ngene sikilku

2 Humor Suroboyoan Jilid Loro

dhadhi mek sithok”.

”Waduh cik apese nasipmu, lha tanganmu opoko kok digenti cathoke beras ?” takok Muntiyadi maneh.

”Mari sikilku tughel iku mau, aku dirawat ndhik barak.

Moro-moro barakku dibom ambek mungsuh, kenek tanganku, langsung tughel.

Pas iku onoke cathoke beras, timbangane gak onok blas, akhire aku gelem. ” jarene Gempil maneh.

”Wah kayal thok kon iku, lha motomu opoko kok cumplung pisan ? Kelilipen granat tah ?” takok Muntiyadi maneh.

”Oo iku seje ceritone. Enak-enak cangkruk nyeritakno pengalamanku iku mau, moro-moro onok manuk nembeleki mripatku ”. jare Gempil.

”Wah kon iku tambah ngawur thok ae, lha mosok ditembeleki manuk isok motone cumplung”. Muntiyadi mulai gak percoyo.

”Lho iku dhudhuk mergo tembelek manuk” jare Gempil.

”Lho opoko ?” takok Muntiyadi. ”Iku pas dino pertama aku nggawe cathok beras”.

Numpak Taksi

2.11

Muntiyadi mari mulih jogo kiro-kiro jam rolas bengi. Embong wis suepi, gak onok bemo sing lewat, ojek yo gak onok. Muntiyadi malih merinding disko opo maneh ketepakan saiki malem Jum’at kliwon.

Mari ngenteni sui, akhire onok taksi liwat, waduh lumayan pikire. Mari mlebu taksi lungguh ndhik mburi, Muntiyadi terus ngandani supir taksine njaluk diterno mulih nang Wiyung.

Mergo kekeselen, gak sui Muntiyadi langsung keturon pules.

Pas enak-enak turu, Muntiyadi moro-moro keroso taksine kok tambah alon. Bareng didelok dhadhak supir taksine wis gak onok, tibake montore mlaku dhewe.

Muntiyadi tambah gemeter pas ndhelok tibake taksine lagi ngeliwati kuburan.

Mergo gak kuat nahan wedhi, Mutiyadi bengok-bengok ambek kepuyuh-puyuh "Tolong !!. . .tolong !!".

Moro-moro seko jendelone taksi, onok endhase supir taksi njengongok. Muntiyadi tambah pucet gak karuan, tibake supir taksine ngomong ngene.

"Hee cak . . .ojok turu ae . . .Ewangono nyurung, montore mogok iki lho ."

Mercon | 2.12

Kentir pethuk ambek konco lawase sing jenenge Kentus. Pas ketemu arek loro iku podho kagete mergo Kentir ambek Kentus podho-podho sirae petal, raine gosong ambek untune yo podho bogange. Areak loro iku takok takokan opoko kok isok podho bocele. Kentir cerito lek raine rusak, sirae petal, ambek untune ngowos mergo melok nyemprot kobongan ambek mangap.

"Pas aku mangap dhadhak onok elpiji mbledhos" jare Kentir. Mari ngono Kentir takok nang Kentus opoko kok sirae petal.

"Mari teraweh aku nyumet mercon ambek rokok. Mari tak sumet, mercone tak sawatno wong dhodhol soto terus ndhelik ambek ngisep rokok. Dhadhak wonge ngerti, aku diuber terus sirahku digepuki pikulane soto" jare Kentus.

"Lha lek raimu opoko kok gosong" takok Kentir maneh.

"Mari sirahku waras, aku merconan maneh. Mari tak sumet ambek rokok, mercone tak sawatno wong dhodhol bakso terus dhelik maneh ambek ngisep rokok. Dhadhak aku ketemon maneh, aku diuber mari ngono diguyang dhudhuhe bakso" jare Kentus.

"Wok nemen kon iku, ngono yo gak kapok. Lha lek untumu opoko kok guwung kabeh?" takok Kentir maneh.

"Oo lek iki seje ceritane. Pas katene nyumet mercon dhadhak onok arek pacaran liwat"

"Kapok kon, mulakno tah ojek seneng nginceng. Paling kon digibheng ambek sing lanang" jare Kentir kemeruh.

"Gak ngono ceritane . . ." jare Kentus.

"Opoko lho . .?" takok Kentir.

"Aku lali . . . Rokokku sing tak sawatno. . ."

Kepiting | 2.13

Romlah njaluk ditukokno keping gawe buko.

"Yo wis tak tukokno nang rolak" jare Muntiyadi.

"Lho gak numpak bronpit tah?" takok Romlah.

"Gak wis, cik gak amis. Tak nyegat bemo ae" jare Muntiyadi.

Mari ngono Muntiyadi budhal nyegat bemo. Dhadhak ndhik bemo Muntiyadi pethuk ambek bekas pacare biyen, jenenge Sablah.

"Lho cak Mun, kate nang endhi peno cak?" takok Sablah. "Kate nglencer golek angin . . ." jare Muntiyadi.

"Sakjane aku kate kulak kain, tapi wurung ae wis, tak melok peno ae" jare Sablah ngalem.

Mari ngono arek loro iku ngelencer nang musium Kapal Selam. Ndhik kono lak isis tah, dhadhi gak keroso moro-moro wis sore.

"Waduh blaen iki, aku kudhu mulih, wis yo . ." jare Muntiyadi.

Mari pamitan, Muntiyadi mampir nang rolak tuku keping diadhai kresek. Mergo gopoh kabeh, pas katene mlebu pekarangan dhadhak kreseke jebol, kepinge buyar kabeh. Ambek nggurak kepinge, Muntiyadi bengok-bengok

"Ayo cepetan sithik . . wis meh tekan iki " Krungu bojone bengok-bengok, Romlah ambek muring-muring.

"Cak . . cak, cik guobloke se sampeyan iku. Lha mosok keping digiring padhakno bebek ae. Mulakno kok sui. . ."

Wanita Besi | 2.14

Sutaji gupuh kabeh marani kantor pulisi katene lapuran.

”Waduh Pak Pulisi, aku sik tas ae dinunuti Margaret Thatcher ” jare Sutaji.

”Sampeyan ojok macem-macem lek lapuran .” jare pulisine gak percoyo.

”Saestu Pak, asli aku gak mbujuk ”. jare Sutaji.

”Lek ngono lapuran sing lengkap alon-alon. Sampeyan pethuk Margaret iku nang ndhi ?” takok pulisine.

”Ngene lho ceritone Pak. Pas aku ngirim barang arep mlebu tol Waru, moro-moro onok bule tuwek awe-awe njaluk nunut. Bareng wis munggah, aku kuaget tibake wong bule iku Margaret Thatcher. ” jare Sutaji.

”Lho kok sampeyan yakin lek iku asli Margaret Thatcher ?” takok Polisine.

”Aku yakine iku pas ngisi solar, dhe’e iku titip njaluk tukokno Mesran Super, jarene ngelak. Lha sisane iku ditetesno mripate, jarene mripate perih” jare Sutaji.

”Opoko ceritone kok dhe’e sampek isok nunut awakmu ?” takok pulisine maneh.

”Ceritone iku, dhe’e lagi melancong nang Suroboyo, lha pas sampek Demak dhadhak moro-moro dhe’e diuber-uber wong akeh, onok tukang rombeng, onok juragan besitua. Kabeh iku nggowok timbangan dhewe-dhewe kepingin ngiloni dhe’e.

Mergo wedhi, akhire dhe’e mlayu mbalik nang hotel. Pas arep tekan hotel, dhadhak dhe’e pethuk ambek wong Timbang Badan. Begitu ndhelok timbangan, Margaret tambah pucet kewedhen, terus mlayu maneh sampek akhire pethukan ambek aku njaluk nunut.

Pas tak takoni arep nang endhi, jarene sembarang pokoke sing aman. Akhire yo tak jak ngirim barang. Lha saiki iku aku arep lapuran ndhik sampeyan lek Margaret iku ngilang maneh.

”Aku wedhi lek disalahno.” jare Sutaji.

”Lho kapan dhe’e ngilang maneh ? ” takok pulisine.

”Pas praotoku tak enggokno jembatan timbang ”

Ketinggalan Sepur

2.15

Mari nglaporno margaret thatcher sutaji oleh tugas maneh seko kaji Imron. Sutaji dikongkon ngeterno duwek rong juta gawe mbayar utange kaji Imron.

”Pakduwek rong juta iki dikekno sopo” ? Takok sutaji.

”nggone Pak Bunali ndek Semarang” jare Pak kaji

”sopo sing ngeterno aku nang terminal sepur” jare sutaji maneh

”Ojo kuatir gempil karo sujak ngancani awakmu sampek stasion sepur” jare Pak Kaji.

Menene wong telu budal numpak sepur jurusan semarang.

”Sepure sek suwe rekayok ngopi karo rokokan desek rek” jare Sutaji. Akhire wong telu mau ngobrol karo guyon cekikikan ndek warung kopi.

Saking asyike guyon wong telu mau gak ngerti lek sepure kate budal. Pas suorone sepur muni banter teett...tetttt ... arek telu mau kuaget.

Mari mbayar kopi arek telu terus mblayu nututi sepur. Gempil karo sujak mblayune luwih cepet dadi sik isok mencolot mlebu nang sepur.

Sutaji ketinggalan ndek mburi ... akhire gak nutut .. wis .. ketinggalan. Gak suwe sutaji terus ngguyu kuekel ha ..ha ..ha ... Wong sing ndelok ..sutaji ... ono sing sakno .. ono sing bingung ... ono sing ngiro arek gendeng. Satpame ndelok sutaji koyok ngono gak mentolo .. dipikir saking sedihe terus dilampiasno ngguyu

”hei .. kon iku ketinggalan sepur kok malah ngguyu kekel opo’ o?” jare satpame Sing kate lungo iku sakjane aku

Sing numpak sepur kok malah sing ngeterno aku ...

SPG

2.16

Sore-sore onok cewek SPG teko nawakno panci nang omahe Wonokairun.

”Kulo nuwun. ” jare cewek iku ambek nyepot sandal.
”Oo monggo, monggo pinarak. ”jare Wonokairun.
”Nuwun sewu pak, ibu wonten Pak ?” takok ceweke.
”Waduh bojoku gak ndhik omah ndhuk ” jare Wonokairun.
”Yen ngoten, kulo ngerantos mawon ” jare ceweke maneh.
”Lho monggo. Anggepen koyok omah dhewe ndhuk ” jare Wonokairun
ambek ngejak cewek iku mau mlebu ruang tamu. Mari ngono tamune
ditinggal ngetren dhoru.
Pas Wonokairun mulih, tibake cewek iku sing lungguh nang ruang tamu.
Ketokane cewek iku wis kuesel ngenteni kudhu ngamuk ae.
”Ibu teng pundhi to Pak ?” takok cewek SPG iku.
”Bojoku lungu nang kuburan ndhuk” jare Wonokairun.
”Jam pinten mangke kondure ?” takok cewek iku maneh.
”Waduh gak weruh aku ndhuk. Wis onok limolas taun durung tau mulih
”

Njegur | 2.17

Onok juragan tambak jenenge Sablah ngadakno sayembara.

”Sopo ae sing wani njegur nang tambakku, bakal oleh hadiah Sepeda Montor.” jare Sablah.

Akeh wong sing ngumpul ndhelok sayembarane, tapi gak onok sing wani njegur nang tambak. Masalae tambake isine dhudhuk iwak tapi boyo, nyambik, bajul lan sak panunggalane.

Mergo gak onok sing wani njegur, hadiaie digenti dhadhi montor kijang anyar. Tapi tetep ae gak onok sing wani njegur mergo merinding ndhelok boyone guedhe-guedhe mangap kabeh.

Akhire ambek Sabalah hadiaie ditambah maneh, montor kijang anyar ambek omah sak isine. Tapi tetep ae gak onok sing wani njegur. Mari sepi meneng kuabeh, moro-moro Muntiyadi njegur nang tambak.

Penontone keplok-keplok kabeh ndhelok Muntiyadi gelut ambek boyo. Kiro-kiro wis sak jam, akhire Muntiyadi tampil sebagai pemenang. Cumak

2 Humor Suroboyoan Jilid Loro

yo ngono, awake dhedhel kuabeh. Wis mari ambekan, Sablah marani arep nyerahno hadiaae, tapi Muntiyadi nolak.

”Yo wis tak tambahi dhuwik limangatus juta” jare Sablah, tapi Muntiyadi tetep nolak.

”Tak tambahi mas-masan sak kilo” jare Sablah maneh, Muntiyadi tetep gak gelem.

”Wis ngene ae, awakmu njaluk opo ae, tak turuti” jare Sablah gak gelem kalah.

”Aku njaluk arek sing njungkrakno aku mau digowo rene” jare Muntiyadi.

Numpak Taksi 2 | 2.18

Mari jogo bengi Muntiyadi mulih numpak taksi.

Timbangane sepi, Muntiyadi njawil supir taksine kate ngejak ngobrol. Pas dijawab dhadhak supir taksine kuaget setengah mati. Saking kuagete, sikile langsung mancal gas, montore langsung mencelat katene nyosop warung.

Untunge, supire sik sempet ngincak rem, gak sidho nubruk. Muntiyadi ambek supire podho pucete gak isok ambekan.

Pas wis tenang, Muntiyadi njaluk sepuro ambek takon nang supire opoko dijawab ae kok kuaget.

Jare supire ”Ngene lho cak, aku sik tas pertama kali iki nyupir taksi, lha sampeyan iku yo penumpangku sing pertama pisan.”

Muntiyadi bingung ”Lho mbiyen sampeyan kerjone opo, kok isok sampek kagetan koyok ngene ?”

”Aku mbiyen yo nyupir pisan” jare supir taksine.

”Supir praoto tah ?” takok Muntiyadi. ”Supir montor jenasah . . .”

Sepuluh Ewu | 2.19

Wonokairun ngejak gendakane, jenenge Mbok Cempluk, perikso nang dokter Bunali.

"Opoko sampeyan iku mbah, wong awake ketok tahes kok athik perikso." takok dokter Bunali.

"Ngene lho dok, umurku iki wis 80 lha bojoku iki wis kewut pisan umure 75. Aku pingin takok opo sik oleh tah aku ambek bojoku iki main koyok manten anyar?" takok Wonokairun ambek isin-isin.

"Lho lek sampeyan gak onok penyakit yo aman-aman ae." jare doktere.

"Wah tepak lek ngono, cumak cik tambah mantep, tulung aku ambek bojoku diperikso. Lha terus mumpung ndhik kene, aku tak main ambek bojoku nang kamar praktek sampeyan. Tulung dipantau mbok menowo onok opo-opo." Jare Wonokairun.

Batine Bunali, sak umur-umur lagek iki ono pasien njaluk sing aneh koyok ngene. Tapi wong jenenge dokter akhire panjaluke Wonokairun dituruti, mari jantungge diperikso, wong loro iku main tutupan layar. Lha Bunali ngenteni jogo-jogo lek misale wong loro iku gak kuat terus jantunggen.

Mari oleh rong ronde, Wonokairun ambek Mbok Cempluk metu ngguya-ngguyu. "Yok opo dok, aman ae tah?" takok Wonokairun.

Ambek Bunali jantungge wong loro iku diperikso maneh, tibake pancene sik kuat.

"Wis mbah, sampeyan sehat wal afiat. Ojok khawatir." "Suwun dok. Piro ongkose?" takok Wonokairun.

"Sepuluh ewu ae, wong sampeyan iku asline sehat." Jare Bunali.

Mari ngono arek loro iku pamitan mulih. Seminggu maneh, wong loro iku teko maneh nang dokter Bunali. Persis koyok seminggu kepungkur, njaluk diperikso jantungge, mari ngono njaluk dipantau pas main.

Bunali yo nuruti ae wong pancen tugase sebagai dokter. Mari oleh rong ronde, Wonokairun ambek Mbok Cempluk metu ngguya-ngguyu.

"Yok opo dok, aman ae tah?" takok Wonokairun.

2 Humor Suroboyoan Jilid Loro

Ambek Bunali jantungge wong loro iku diperikso maneh, tibake pancene sik kuat.

"Lak wis tak kandani, sampeyan sehat wal afiat. Ojok khawatir."

"Suwun dok. Piro ongkose ?" takok Wonokairun.

"Sepuluh ewu ae, wong sampeyan iku asline sehat." Jare Bunali.

Mari ngono arek loro iku pamitan mulih. Seminggu maneh, wong loro iku teko maneh nang dokter Bunali.

Persis koyok seminggu kepungkur, njaluk diperikso jantungge, mari ngono njaluk dipantau pas main. Bunali wis mulai ngersulo, tapi yo sik dituruti.

Mari oleh rong ronde, Wonokairun ambek Mbok Cempluk metu ngguyangguyu.

"Yok opo dok, aman ae tah?" takok Wonokairun. Ambek Bunali jantungge wong loro iku diperikso maneh, tibake pancene sik kuat.

"Koyok minggu wingi, sampeyan sehat wal afiat. Ojok khawatir."

"Suwun dok. Piro ongkose ?" takok Wonokairun.

"Sik tah mbah, aku katene takok. Sampeyan lak wis tak kandani lek sampeyan iku sehat, laopo bolak-balik teko rene ngongkon aku mentelengi sampeyan main.

Masio elek, aku iki dokter rek !!, dhudhuk wasit smack down."

Bunali mulai purik. "Ngene lho dok, aku iki wis muteri sak Suroboyo, Mbenjeng, Balungbendo, Ndhiwek sampek Peterongan. Gak onok sewa kamar sing ngisore sepuluh ewu ."

Pelabuhan | 2.20

Muntiyadi oleh tugas jogo nang pelabuhan Tanjung Perak mulai isuk sampek sore.

Isuk-isuk kiro-kiro jam enem, Muntiyadi pethuk ambek Togog numpak sepeda gunung metu seko pelabuhan.

Muntiyadi curiga soale, sepedane Togog digandoli glangsing guedhe loro kiwo tengen. Isine pasti sabu-sabu, utowo putaw pikire Muntiyadi.

Mergo curiga, Togog dicegat terus digeledah kuabeh mulai klambi, kathok sampek kampes. Mari ngono isi glangsinge yo disuntek pisan, tibake isine

mek pasir thok. Gak onok nakobar blas.

"Kon laopo sepedaan nang kene ?" takok Muntiyadi.

"Ngene lho pak, aku iki seneng olahraga nang pinggit laut, angine enak." jare Togog.

"Lho laopo sepedamu apik-apik athik kon gandholi pasir ?" takok Muntiyadi.

"Sepedaku iki enteng pak, cik rodhok abhot sithik yo tak gandholi pasir iki." jare Togog maneh.

Pikire Muntiyadi yo masuk akal penjelasane Togog iki. Mari KTPne diperikso, akhire Togog diculno. Sisuke, Muntiyadi pethuk Togog sepedaan maneh. Mergo sik curiga, Togog diperikso maneh koyok wingi.

Akhire pancen gak onok opo-opo, isine glangsing cumak pasir thok, Togog terus diculno maneh. Kiro-kiro wis seminggu, Muntiyadi mulai bosen merikso Togog. Dhadhi lek pethuk ben isuk mek manthuk thok, laopo diperikso maneh wong mek pasir.

Selama telung taun akhire ben isuk Muntiyadi pethuk ambek Togog numpak sepedaan. Arek loro iku malih dhadhi konco apik, kadang-kadang Togog ditraktir ngopi lek isuk.

Mari ngono Muntiyadi dipindah tugase mbalik nang markas besar, gak tau pethuk ambek Togog maneh. Suatu hari, pas Muntiyadi mangan nang restoran, dhadhak pethuk Togog maneh. Tibake Togog iku sugih, montore sedan anyar.

Bareng kethok onok Muntiyadi, genti Togog sing nraktir. Ambek mangan, arek loro iku ngobrol.

"Gog, terus terang ae sakjane aku iki sik curiga ambek awakmu. Aku yakin sakjane awakmu iki penyelundup, gak mungkin awakmu isok sugih koyok ngene. Saking ae aku gak isok nemokno barang bukti. Lha saiki aku wis gak jogo nang kono, wis tah awakmu ngaku ae ojok khawatir, selama telung taun wingi sakjane awakmu iku nyelundupno opo?" takok Muntiyadi penasaran.

"Sepeda . . ."

Sayang anak | 2.21

Muntiyadi oleh tugas penyerbuan nang sarange GAM.

Repute, anake Muntiyadi sing jenenge Tole umure sik sepuluh taun gak gelem ditinggal njaluk melok. Mergo sayang anak, akhire Tole dijak pisan, mari mulih sekolah langsung melok numpak pesawat.

Nang pesawat wis onok koncone Muntiyadi jenenge Togog ambek Gempil. Pas nang awang-awang, dhadhak mesin pesawat mbrebhet terus mati. Wong papat iku mau mulai pucet kepoyoh-poyoh royokan parasut. Lha masalae parasute iku mek telu, padahal wonge onok papat termasuk Tole anake Muntiyadi.

Mergo wedhi kedisikan, Togog langsung nyaut parasut terus terjun metu pesawat. Mari ngono Gempil gak gelem kalah, melok nyaut parasut terus terjun pisan. Muntiyadi terus rundingan ambek anake, sopo sing kudhu ngalah soale parasute kari sithok.

"Le anakku, parasut iki gawe awakmu ae, masa depanmu sik dhowo. Bapak mek titip salam gawe mbokmu yo Le."

"Pak, sampeyan wis gak usah mbrebes mili, ngisin-ngisini markas besar ae. Iki lho parasute sik onok loro. " jare Tole.

"Lho kok isok ngono, lak mau wis disaut Togog ambek Gempil?" Muntiyadi heran.

"Sing disaut Om Togog iku mau tas sekolahku . . ."

Lali | 2.22

Sore-sore Wonokairun nangis gerung-gerung ndhik pinggir embong ambek napuki sirahe. Gak sui Bunali liwat, begitu ndhelok onok wong tuwek nangis langsung mandhek nakoni.

"Mbah, laopo sampeyan nangis ndhik pinggir embong?" takok Bunali.

"Aku ndhuwe bojo anyar ndhik omah, sik tas ae tak rabi, umure 20 taun, sik enom, ayu, semlohe. " jare Wonokairun ambek nangis.

"Lho lak enak se sampeyan, laopo kok nangis lho ?. " Bunali mulai bingung.

"Ngene lho cak, wis ayu, bojoku iku yo pinter masak. Opo ae kari njaluk, jangan asem, rawon, brengkes, sembarang sing enak-enak pokoke. " jare Wonokairun.

"Lha kurang opo maneh sampeyan Mbah. Ngono kok sik mewek ae. " Bunali tambah bingung.

"Mari ngono yo, bojoku iku setia pol ambek aku. Lek onok sing nggudho langsung dikandhakno aku. " jare Wonokairun maneh.

"Lek ngono ceritane, lha terus opoko sampeyan kok nangis gerung-gerung gak mari-mari ?" Bunali wis gak sabar meneh.

"Aku lali ndhik endhi omahku"

Ndlahom

2.23

Muntiyadi bingung nggoleki bojone. Mari munyer-munyer sepedaan, akhire ketemu. Muntiyadi kuaget, tibake Romlah lagi ndhodhok ndhik tengah lapangan, waduh sempel wong iki pikire. Seko pinggir embong Muntiyadi mbengoki bojone.

"Oooooiii !!! Laopo kon ndhik kono dik" jare Muntiyadi ambek bengok-bengok.

"Lho sampeyan gak kethok tah, aku lagi numpak perahu nang tengah segoro" jare Romlah.

"Waduh dik, mulakno wong ngarani awakmu ndlahom, wong kelakuanmu pancene koyok ngono. Ayok ndhang mulih, ojok ngisin-ngisini aku" jare Muntiyadi emosi.

"Gak gelem aku cak, wong aku lagi enak-enak golek iwak " jare Romlah.

"Mulih tah gak !!!" jare Muntiyadi muntap.

"Gak gelem!! " jare Romlah.

"Tak gibheng lho yo !!!" jare Muntiyadi.

"Rinio lho lek wani !!!" jare Romlah.

2 *Humor Suroboyoan Jilid Loro*

”Oo... saking ae aku gak isok renang”

3

Humor Suroboyoan Jilid Telu

Derek-derek sedoyo,

Sumber cerito jilid telu iki sik pancet njagakno seko wong mblakrak, dhadhi lek onok wong cangkruk tak tunggoki. Biasane iku ceritone metu lek pas karambol, adu jangkrik, manten an utowo sunatan. Kapanane aku tau keliru, tiwas tak belani ndhodhok sampek kembang tibake wong ng-grandong, mulakno kok nggremeng kabeh.

Mari njajah ndeso disosor meri, ben omah tak enggoki, jilid telu iki akhire mari. Ceritone sembarang kalir tak cuampur dhadhi siji. Mugo-mugo ae sik pancet mujarab kanggo nambani bojo utowo pacar sampeyan sing lagi menderit a nyaprut mbetutut.

Suwun

Budhi Santoso

Paiton, Desember 2002

Piro umurku ? | 3.1

Mat Penceng umure wis atene 45 taun. Awake sik gagah otote dempal, cumak sayange dapure mulai kisut ireng kabeh.

Pas ulang taunan sing 45, Mat Penceng kepingin kethok enom maneh.

Akhire Mat Penceng nekat mecah celengan bojone digawe ongkos operasi plastik.

Tibake gak rugi mecah celengan, soale dapure Mat Penceng saiki malih resik, putih lan ketok enom maneh. Mat Penceng bungah atine, ben ketemu wong wedhok dikongkon mbedhek piro umure.

Pertama pas nang pasar atom onok ibu-ibu tuku kain.

"Ning, ayo bedhe'en piro umurku ?" takok Mat Penceng ambek mesamesem.

"Paling sik selawe . . ." jare ibu-ibu iku ambek ngematno dapure Mat Penceng.

"Salah Ning, umurku sakjane wis 45" jare Mat Penceng bangga.

Ibu-ibu iku gak percoyo, akhire Mat Penceng ngetokno KTPne.

Mari ngono Mat Penceng ngenteni buyarane arek SMA.

Pas onok cewek-cewek liwat, Mat Penceng mbedhe'i maneh nang arek-arek iku piro umure.

Onok sing mbedhek 25, 28, 24, paling banter onok sing mbedhek 31 taun. Gak onok sing isok titis mbedhek 45. Bareng dikandani lek umure iku 45 gak onok sing percoyo, bareng didhudhuhno KTPne dhadhak semburat kuabeh.

Mat Penceng malih tambah bangga mergo dapure tambah ngguanteng. Pokoke ben pethuk wong wedhok mesti dibedhe'i umure, tapi gak onok sing bener.

Pas dulin nang Delta Plasa, Mat Penceng antri pesen mangan nang McDonald. Bareng oleh giliran, Mat Penceng ditakoni pelayane arep pesen opo.

"Sik mbak, sak durunge aku pesen, ayo bedhe'en piro se umurku?" jare Mat Penceng.

"Kiro-kiro 27 mas" jare pelayane.

3.1 Piro umurku ?

"Salah mbak, umurku 45" jare Mat Penceng.

Mari lego nggarai, akhire Mat Penceng pesen panganan.

Lha pas arep mulih, nang parkiran Mat Penceng pethuk ambek nenek-nenek arep mlebu montor.

Mergo durung tau mbedhe'i wong tuwek, akhire Mat Penceng nekat nguber terus takok.

"Sepurane yo mbah uti, aku kepuingin mbedhe'i sampeyan kiro-kiro piro umurku mbah?" jare Mat Penceng.

"Ngger putuku, ojoko kiro-kiro, masio aku wis tuwek elek koyok ngene, aku isok mbedhek persis piro umurmu." jare simbah mau.

"Iyo tah, piro se umurku?" takok Mat Penceng penasaran.

"Wah tapi onok sarate" jare simbah mau.

"Opo sarate mbah ?" Mat Penceng tambah penasaran.

"Sarate iku, awakmu kudhu culno klambimu kabeh sak kampese pisan wudho blejet, terus mlayu muteri parkiran iki limang putaran. Lek wis mari, lagek aku isok mbedhek umurmu." jare simbah iku mau.

Mat Penceng ngengkel cik angele sarate, tapi simbahe ngotot lan ngancam lek gak gelem yo wis ditinggal mulih. Mergo penasaran lagek onok wong sithok iki sing ngaku isok mbedhek umure, akhire Mat Penceng nuruti sarate. Mari nitipno klambi nang simbah iku, Mat Penceng mlayu wudho muteri parkiran montor. Lagek oleh rong putaran, Mat Penceng wis mbalik nang simbah iku ambek bengok-bengok njaluk tulung.

"Mbah, tulung mbah !!!, aku diuber-uber satpam dikiro wong gendeng. Ayo cepetan bedhe'en umurku piro selak satpame teko !!" jare Mat Penceng ambek menggos-menggos gupuh kabeh.

Mari nguncalno kampese Mat Penceng, simbah iku mau ngomong, "Le, aku weruh umurmu iku saiki 45".

Mat Penceng kuaget sampek lali kampesan, kok onok wong sik isok mbedhek umure.

"Mbah, aku sik penasaran, mek sampeyan thok sing mbedhek umurku, opo rahasiane mbah?" takok Mat Penceng gak sabar.

"Ngene lho Le, aku mau persis nang mburimu pas antri nang McDonald . . ."

Bakso Spanyol | 3.2

Bunali ngelencer nang Spanyol kepingin ndelok matador.

Mari mlaku-mlaku, wetenge luwe terus mampir nang restoran.

Mergo menune kuabeh nganggo bahasa Spanyol, Bunali malih bingung.

Akhire Bunali takok nang pelayane opo menu sing paling special.

Ambek pelayane Bunali ditawari bakso spanyol, Bunali setuju.

Pas panganane teko, tibake penthol bakso mek loro dihias godhong tales.

Mergo luwe, penthol loro iku diunthal sak emplokan, tibake bakso spanyol yo enak pisan pikire.

Mari mangan, Bunali takok nang pelayane "Daging opo iku mau, kok enak baksone?"

Pelayane ngomong lek iku ngono bijine sapi sing matek kalah tarung ambek matador.

Pertama Bunali kudhu muntah pas krungu, tapi mergo enak yo wis gak opo-opo.

Cumak Bunali kuaget pas mbayar tibake regone luarang, untunge san-gune nang kesak sik cukup.

Sisuke Bunali teko maneh nang restoran iku maneh katene pesen bakso special koyok wingi.

Mergo nggondhok, sak durunge budhal, Bunali nyeblek kecoak terus disaki.

Pas panganane teko, tibake penthole saiki rodhok cilik. Gak opo-opo wis, sing penting enak.

Mari mangan, Bunali ngetokno kecoak ambek bengok-bengok.

"Aku gak gelem mbayar, lha mosok baksone onok kecoake" jare Bunali.

Pelayane akhire ngalah, Bunali gak perlu mbayar. Bunali sueneng akale berhasil.

Pas katene mulih, Bunali protes maneh nang pelayane opoko kok pent-hole saiki rodho cilik gak koyok wingi.

Pelayane cerito lek dino iki sing kalah matadore.

Balas Dendam | 3.3

Wonokairun mlaku mlaku nang TP ijenan katene mejeng, dandane mbois gak gelem kalah ambek ABG. Pas katene mulih dhadhak dirampok nang parkiran.

Kuabeh amblas, bronpit disikat, dompet amblas, klambi diplorot kari kampesan thok.

Wonokairun ngguondhok pol, toleh-toleh mbrebes mili nang tengah embong.

Wonokairun nyobak nyegat taksi, ambek njelasno lek mari dirampok.

Wonokairun janji mbayar taksine nang omah.

Tibake supir taksine iku gak percoyo, sombong poll, gak gelem nolong blas malah ngilokno.

”Asline wong mbambung ae athik aksi ethok-ethok dirampok ! ”jare supir taksine nang ngarepe wong akeh.

Wonokairun loro atine di isin-isin koyok ngono.

Wonokairun akhire terpaksa mlaku mulih nang Sepanjang buntelan koran.

Cumak yo ngono, Wonokairun dendam pol nang supir taksi iku mau, pokoke ditengeri wonge lemu ireng kopiahan.

Aku kudhu isok mbales ngisin-ngisin wong elek iki, pikire Wonokairun.

Minggu ngarepe, Wonokairun dulin nang TP ijenan maneh. Mari wis tuwuk dulin, akhire Wonokairun mulih.

Pas metu TP, akeh taksi sing antri golek penumpang.

Wonokairun sengojo golek supir taksi sing minggu wingi nglarakno ati, katene balas dendam.

Diurut mulai sing paling ngarep, Wonokairun nakoni supir taksine sithok-sithok.

”Cak, nang Sepanjang piro” takok Wonokairun.

”Biasa mbah, borongan ae seket ewu” jare supir taksine.

”Mari ngeterno, tak sodomi yo, ojok khawatir ongkose tak tambahi ?” takok Wonokairun maneh.

3 Humor Suroboyoan Jilid Telu

"Wok nggilani !!!, Koen kiro aku iki homo tah mbah. Masio elek, aku iki wong lanang normal mbah, goleko sing liyane ae !" jare supir taksi iku ambek misuh-misuh tersinggung.

Kuabeh supir taksi sing dijak kencan jawabe podho kabeh ambek misuh-misuh gak karuan, tapi Wonokairun cuek ae.

Sampek taksi sing paling mburi, akhire Wonokairun ketemu supir taksi lemu ireng kopiah sing digoleki.

Koyoke supir taksine iku wis lali ambek Wonokairun.

"Cak, nang Sepanjang piro?" Wonokairun aksi takok.

"Biasa ae mbah, seket ewu. " jare supir taksine.

"Yo wis, ayok ndhang budhal." Wonokairun langsung numpak terus budhal, Wonokairun sempet ngelirik kartu pengenale tibake jenenge Markun.

Mergo paling mburi, terpaksa supir taksine iku bengok-bengok ngongkon konco-koncane sing nang ngarep minggir sithik cik isok lewat.

Bareng wis mlaku, Wonokairun dadah-dadah nang supir-supir taksi iku, mesam-mesem ambek ngomong "Eenaak teennaann . . ."

Konco-konco supir taksi sing ndhelok Markun malih bingung kuabeh gilo kudhu mukok . . .

Apes | 3.4

Gempil lagi ngejak pacare ngelencer numpak montor bengi-bengi.

Pas sampek Pacet, pacare njaluk indehoi nang njero montor.

Pertamane Gempil isin soale wedhi konangan wong kampung, tapi mergo pacare giras, akhire Gempil nyerah.

Wis mari oleh rong ronde, pacare sik njaluk maneh. Gempil sampek gelagepen ampun-ampun gak kuat maneh.

Gempil njaluk time-out metu montor dhiluk apene rokok.

Pas katene nyumet rokok, sekok kadhoan Gempil ndhelok onok wong lagi ndongkrak ganti ban bocor.

Bareng divedaki, tibake koncone dhewe, Muntiyadi, wah ketepakan iki pikire Gempil.

3.5 Umur

"He Mun !, laopo koen bengi-bengi athik kluyuran nang kene" takok Gempil.

"Lho awakmu Pil, pancen aku lagi apes bengi iki, katene golek gendakan gak oleh-oleh malah banku bocor pisan" jare Muntiyadi.

"Wah ketepakan lek ngono, aku wis oleh gendakan, ayu semlohe, cumak girase gak ketulungan, wis oleh rong ronde sik njaluk maneh, sampek teler aku.

Wis ngene ae, yok opo lek ijol-ijolan ae, montormu tak genti bane terus tak gowo mulih, lha awakmu gendakan ae ambek cewek nang montorku iku, montorku gowoen pisan. " jare Gempil.

"Wah tepak wis, sip !!! " jare Muntiyadi sueneng pol. Gempil yo lego isok mulih.

Sik tas ae Muntiyadi katene mulai gendakan ambek cewek peninggalane Gempil, moro-moro onok wong kampung siskamling nggedhor kocone montor ambek nyentolopi raine wong loro.

"He !!! Lagi opo awakmu nang kono ? "takok wong kampung mbentak Muntiyadi.

"Anu Pak . . aku lagi gendakan ambek bojoku dhewe jenenge Romlah. ." jare Muntiyadi gemeter.

"Lek iku bojomu, laopo gak gendakan nang omahmu dhewe ?" jare wong kampung maneh.

"Anu Pak, sak jane aku lagek weruh lek iki bojoku dhewe pas sampeyan nyentolopi raine . . ." jare Muntiyadi.

Umur | 3.5

Wonokairun lagi ngobrol soal umur ambek koncone sing podho kewute.

Wak So sing umure 60 taun mulai cerito, "Paling gak uenak iku lek wis umur sewidhak. Ben obah sithik kebelet pipis, tapi bareng wis nang jedhing sampek sepuluh menit gak metu blas, mek anyang-anyangen thok."

Wak Nyo sing umure 70 taun gak gelem kalah, "Lho durung weruh kon yo, paling gak uenak yo lek umur pitung puluh. Mangane kudhu bubur bayi maneh. Mari ngono, ben arep longgo mesti mules kebelet setor, tapi

3 Humor Suroboyoan Jilid Telu

bareng wis ndhodhok sampek sepuluh menit gak metu blas, mek kepentut bolak-balik”

Akhire Wonokairun, sing umure 80 taun, melok ngomong, ”Wok kemalan kabeh, sing paling gak weunak yo umur 80 koyok aku ngene”.

Wak So takok, ”Lho peno yo anyang-anyanen koyok aku ngene yo ?”.

”Yo gak se, aku tetep isok pipis lancar ben isuk jam 6.” jare Wonokairun bangga.

Wak Nyo genti takok, ”Sampeyan mesti ngalami mules kepentut-pentut koyok aku yo ?”

”Sori Rek, aku tetep isok setor lancar ben isuk jam setengah pitu.” jare Wonokairun bangga.

Wak So ambek Wak Nyo malih bingung lan penasaran, ”Sik tah lah, peno sik isok pipis lancar ben jam 6 isuk, terus peno sik isok setor lancar ben jam setengah pitu isuk. Lha terus opo sing nggarakno gak uenak lek wis umur 80 ?”

”Masalae mek sithok, aku sering kerinan, tangiku mesti jam pitu isuk . . .”

Sing tabah yo . . . | 3.6

Onok napi ucul seko LP Medaeng, Napine iku wis dipenjara 10 taun perkoro narkoba.

Mergo bingung katene mlayu nang endhi, akhire napi iku mlebu nang omahe Muntiyadi.

Pas iku Muntiyadi lagi kelonan nang kamar ambek bojone, arek loro iku kuaget onok wong sangar mlebu nang omahe.

Durung sempet mbengok, napi iku mau wis nyancang Muntiyadi ambek bojone.

Muntiyadi dicancang nang kursi, lha bojone dicancang nang kasur.

Mari nyancang, Muntiyadi ndhelok napi iku ngelamuti gulune bojone.

Mari ngelamute, moro-moro napi iku ngalih lungo nang jedhing.

Pas napine nang jedhing, Muntiyadi ngeser kursine nyedaki bojone.

3.7 Lawang Wesi

”Dhik, wong iku koyoke gak tau ndhelok wong wedhok pirang puluh taun. Aku ndhelok gulumu mau dikelamuti.

Saiki ngene ae dhik, awakmu nuruto ae opo karepe wong iku. Umpomo wong iku njaluk main yo wis tak relaxno.

Sing penting wong iku ndhang ngalih terus nyowone awake dhewe isok selamat. Sing tabah yo dhik,” jare Muntiyadi wanti-wanti nang bojone.

Mari mbrebes mili, genti bojone Muntiyadi sing cerito.

”Cak, aku melok seneng lek sampeyan ndhuwe pemikiran koyok ngono. Sampeyan bener Cak, wong iku wis sui gak tau ndhelok wong wedhok.

Tapi Cak, wong iku sakjane mau gak ngelamuti guluku. Wong iku mau asline bisik-bisik nang aku”

”Iyo tah dhik, ngomong opo wong iku nang awakmu? takok Muntiyadi penasaran.

”Jarene, sampeyan iku imut-imut ambek seksi Cak, terus wong iku takok aku nang endhi nyimpen Handbody. Sing tabah yo Cak. . .”

Lawang Wesi | 3.7

Wak So lagek pertama kali iki nglencer nang TP ambek anak bojone.

Jenenge wong ndesit, Wak So ambek anak bojone gumun ndhelok sembarang kalir sing onok nang TP.

Tapi Wak So sak keluarga iku paling gumun ambek lawang wesi krumkruman sing isok buka tutup dhewe, opo maneh isok muning mak tiing !

. . .

”Bes, opo iku jenenge . . .” takok Togog anake Wak So pas ndhelok lawang wesi iku.

”Aku yo gak weruh pisan nak . . .sak umur-umur lagek pisan iki onok lawang wesi koyok ngene.” jare Wak So.

Akhire Wak So sak keluarga ndoprok nang ngarepe lawang wesi iku ngematno ambek ndomblong.

Moro-moro onok wong wedhok tuwek sak pantaran bojone Wak So mencet tumbol lawang wesi iku mau.

3 Humor Suroboyoan Jilid Telu

Mari ngono lawang wesine mbukak, terus wong wedhok tuwek iku mau mlebu nang ruangan cilik, terus pintune nutup maneh.

Mari muni ting ! . . ., terus onok ongko siji murup, loro, telu sampek papat mendeg.

Gak sui ongko papat murup maneh, terus telu, loro sampek siji mandeg.

Pas lawang wesine mbukak maneh, Wak So ambek anake kuaget tibake sing metu iku arek wedhok ABG ayu semlohe.

Wak So bingung ambek kemlecer ngematno arek wedhok iku.

Mari mikir dhiluk, Wak So mbengok nang anake, "Le ! . . Ndhang cepetan Makmu lebokno kono . ."

Nyegat bis | 3.8

Romlah antri nyegat bis kota katene budhal kerjo.

Pacakane sueksi pol, bengesane abang ambek nganggo rok mini.

Pas katene numpak bis kota, mergo rok minine nguapret pol, sampek sikile Romlah gak isok mancik munggah bis.

Romlah ngrogoh selerekan nang mburine rok cik rodhok longgar.

Bareng wis didhukno selerekane, sik pancet nguapret ae, sikile Romlah tetep gak isok mancik munggah bis.

Romlah nyobak pisan ngkas ngedhukno selerekane rok cik tambah longgar.

Tibake sik pancet ngapret ae, sikile Romlah tetep gak isok mancik munggah bis.

Romlah nyobak maneh sampek ping telu, tetep ae gak isok.

Kondekture wis gak sabar bengok-bengok.

Moro-moro onok tangane wong lanang ndhemok bokonge seko mburi, nyurung Romlah munggah bis.

Romlah mendelik nguamuk nang wong lanang iku,"Semprul !!! Gak sopan blas peno Cak, wong gak kenal athik wani-wanine ndhemok bokongku !!!".

Wong lanange nyauri,"Yo sampeyan Ning sing gak sopan, wong gak kenal athik wani-wanine mlorot selerekan celonoku ping telu."

Kebon Semongko | 3.9

Bunali pusing soale ben isuk ndhik kebon semongkone onok tembelek.

Sakjane Bunali weruh lek sing ndhodhok nang kebone ben isuk iku Wonokairun cumak gak wani nyeneni.

Akhire Bunali masang pengumuman sing tulisane ngene "Ini kebunku, bukan WCmu !!!".

Dhadhak tulisane onok sing ngganti ngene "Ini pupukku, untuk ke-bunmu!!!"

Limolas Juta | 3.10

Wonokairun lungo nang Tretes mampir nang Wisma Rindu Malam.

Isine wong wedhok ayu-ayu semlohe, sikile mulus-mulus gak onok sing bubulen.

Wonokairun disambut ambet Mamane wisma.

"Aku pingin pethuk ambek Sablah" ajre Wonokairun.

"Mbah, Sablah iku cewek paling ayu nang kene, taripe yo paling larang. Sampeyan mesti gak cukup dhuwike, tak golekno sing liyane ae yo . . ." jare Mamane.

"Aku kudhu pethuk ambek Sablah." Wonokairun mekso.

Akhire Mamane ngongkon Sablah metu seko petarangan, tibake areke pancen uayu tenan..

"Mbah, sampeyan wis weruh tah lek taripku iku limang juta sekali booking ?" takok Sablah.

Gathik kakean cangkem, Wonokairun ngetokno dhuwik sak bundhel isine limang juta.

Mari ngono, Wonokairun digandeng Sablah munggah mlebu arena. Bareng wis mari diservis, Wonokairun minggat.

3 Humor Suroboyoan Jilid Telu

Sisuke Wonokairun teko maneh nang Wisma Rindu Malam iku.

"Aku pingin pethuk ambek Sablah" jare Wonokairun.

"Mbah, masio sampeyan wingi wis booking Sablah, taripe pancet lho yo gak ono diskon" jare Mamane.

"Aku kudhu pethuk ambek Sablah" Wonokairun mekso maneh. Wong mulai kasak-kusuk ngrasani mbah Wonokairun.

Akhire Mamane nyeluk Sablah.

"Mbah, sampeyan wis weruh tah gak lek tariyku pancet limang juta sekali booking ?" takok Sablah.

Gathik kakean cangkem, Wonokairun ngetokno dhuwik sak bundhel isine limang juta.

Mari ngono, arek loro iku munggah mlebu arena. Bareng wis mari diservis, Wonokairun minggat.

Sisuke maneh, Wonokairun teko pisan maneh nang Wisma Rindu Malam.

"Aku pingin pethuk ambek Sablah" jare Wonokairun.

"Mbah, masio sampeyan wingi wis booking ping pindho, taripe Sablah pancet lho yo gak ono diskon" jare Mamane.

"Aku kudhu pethuk ambek Sablah," jare Wonokairun. Wong tambah rame kasak-kusuk ngrasani, tapi mbah Wonokairun cuek ae.

Akhire Mamane nyeluk Sablah.

"Mbah, sampeyan wis weruh tah gak lek tarifku pancet limang juta sekali booking ?" takok Sablah.

Gathik kakean cangkem, Wonokairun ngetokno dhuwik sak bundhel isine limang juta.

Mari ngono, arek loro iku munggah mlebu arena.

Bareng wis mari, Sablah penasaran ambek Wonokairun.

"Mbah, sampeyan iku cik lomane ambek aku, sak umur-umur gak ono wong sing wani mbooking aku lansung ping telu. Seko ndheso endhi sampeyan Mbah ?" takok Sablah.

"Aku seko Sepanjang" jare Wonokairun.

"Lho iyo tah !!, aku ndhuwe dulur nang Sepanjang pisan." jare Sablah kaget.

"Wis weruh aku. Bapakmu mati sak wulan kepungkur. Mbakyumu nggoleki awakmu gak ketemu, terus ngongkon aku nggolek awakmu kanggo nyerahno dhuwik warisan limolas juta . . ."

Putus Cinta | 3.11

Tatang ambek Wiwik wis oleh nem wulan iki sir-siran.

Ben malem minggu Tatang apel terus ngejak ngelencer, muesra pol pokoke.

Lek gongcengan tangane Wiwik nyabuk nang pinggange Tatang.

Malem minggu iki Tatang apel koyok biasane.

Tapi Tatang gak ngiro lek iki tibake apel sing terakhir, soale Wiwik njaluk putus.

"Cak rasane aku wis gak cocok maneh ambek sampeyan . ." jare Wiwik.

Masio dirayu-rayu, Wiwik tetep ae njaluk putus, Tatang langsung lemes pamitan mulih.

Pas arep mulih, Tatang nyaut kaos putih sing semampir nang kursi.

"Kaosmu tak pek gawe kenang-kenangan" jare Tatang.

"Lho ojok cak, iku kaos kotor mari digawe . ." jare Wiwik.

Omongane Wiwik gak dirungokno, Tatang langsung nyengklak bronpit bablas mulih.

Mari putus, Tatang malih koyok wong liwung. Mangan gak enak, turu opo maneh.

Masio kucut pol, ambek Tatang kaose disimpen nang ngisore bantal.

Ben ndhino awane wengi Tatang mbrebes mili ambek ngambungi kaose mbayangno masa-masa indah.

Sampek seminggu Tatang gak metu kamar blas, sampek ibuke kuatir.

Mari oleh seminggu moro-moro ibuke Tatang nggedor lawange Tatang, jarene ono tilpun seko Wiwik.

Tatang langsung deg-degan mlayu metu kamar nyaut telpune.

"Halo . ." jare Tatang ndredeg.

"Iki Cak Tatang tah ? . ." jare Wiwik.

"Iyo dik, aku wis ngiro lek akhire awakmu bakal nilpun aku, kuangen pol aku dik . . ." jare Tatang sik ndredeg.

"Iyo Cak, bapakku ben ndhino yo nakokno sampeyan terus " jare Wiwik.

"Iyo tah, waduh aku gak ngiro lek bapakmu sampek sak mono ambek aku, opo jare bapakmu ? " takok Tatang.

”Bapakku ngamuk-ngamuk njaluk kaose dibalekno . . .”

Nginceng | 3.12

Tole, anake Romlah, mlayu menggos-menggos mlebu omah nggoleki ibuke.

”Buuk . . .Ibuuk...!!!” jare Tole ambek nungkul ibuke.

”Opoko Le, kon kok koyok diuber celeng . . .?” takon Romlah.

”Bu aku mari mergoki Bapak ambek Yuk Jah wong loro . . .” jare Tole ambek menggos-menggos.

”Sik tak la, alon-alon lek cerito, longgo sing nggenah dhisik ..” jare Romlah ngayemno anake.

”Ngene lho Buk, pas aku dhulin nang omahe Kelik, aku ndhelok Bapak mlebu nang omahe Yuk Jah.” jare Tole.

”Wis wis Stop ! Stop ! Stop!, ceritone disimpen dhisik ae. Lek Bapakmu teko, ceritone lagek diterusno. Aku pingin weruh reaksine Bapakmu. ”jare Romlah.

Sorene Muntiyadi mulih wis dienteni Tole ambek Romlah.

”Ayok Le, age ndhang cerito nak” jare Romlah.

”Pas aku dhulinan nang omahe Kelik, moro-moro aku ndhelok Bapake mlebu nang omahe Yuk Jah. Aku timik-timik nututi Bapake, terus nginceng seko jendelo. Aku ndhelok Bapak terus sayang-sayangan ambek Yuk Jah. Mari ngono aku wis gak wis aku gak wani nerusno . . .” jare Tole.

Romlah penasaran, Muntiyadi gemeter tegang.

”Ojok wedhi ambek Bapakmu, ayo age terus no. Mari ngono Bapakmu lapo ambek Yuk Jah !!” Romlah mekso anake.

Mari dipekso-pekso akhire Tole nerusno ceritone

”Mari ngono Bapak ambek Yuk Jah dulinan jaran-jaranan koyok koyok . . .” Tole mandeg maneh gak wani ngomong.

”Lho ayo terusno ojok wedhi, koyok opo ayo sing jelas “ Romlah mbentak anake maneh.

Akhire Tole wani nerusno maneh.

”Koyok Ibu ambek om Gempil mbiyen . . .”

Deodorant | 3.13

Romlah mampir nang toko katene toko deodorant.

"Cak, aku arep toko deodorant gawe "bagian bawah"," jare Romlah ambek ndhudhing anune.

Sing ndhuwe toko bingung lha mosok onok deodorant gae "bagian bawah".

"Sepurane yo ning, gak onok deodorant sing kanggo bagian bawah." jare sing dhodhol.

"Yok opo se peno iku, wong aku sering toko kok !" jare Romlah muring-muring.

"Lho sampeyan onok contone tah ?" jare sing dhodhol.

"Yo!. Iki lho barange." jare Romlah ambek ndhudhuhno wadahe deodorant kosong.

Sing dhodhol kudhu ngguyu tapi dimpet.

"Ning !! Iki ngono deodorant biasa sing kanggo kelek" jare sing dhodhol.

Romlah tersinggung diguyu-guyu.

"Lho peno iku sing ngengkel ae, woconen tah tulisane iku." jare Romlah ambek njentit ngangkat roke sampek "bagian bawah"e kethok.

Bareng sing dhodhol moco, tibake tulisane ngene "Untuk pemakaian, tekan bagian bawah"

Ngelindur | 3.14

Muntiyadi turu ngeloni Romlah, bojone. Pas enak-enak turu, Romlah dhadhak ngelindur celuk-celuk pacare.

"Mas Gempil . . . aku kangen mas. Mas Gempil peluklah aku mas . . ."

Krungu ngono Muntiyadi malih cemburu ngamuk-ngamuk gak karuan, Romlah langsung diseret lang jedhing.

3 Humor Suroboyoan Jilid Telu

"Hayo ngomongo !!! Awakmu pingin pethuk ambek Gempil tah ???!!!," jare Muntiyadi mbentak bojone.

"Iyo cak . . ." jare Romlah.

Langsung sirahe Romlah didelepno nang banyune bak mandi, cik kapok pikire Muntiyadi.

Mari oleh sak menit Romlah gelagepen, ambek Muntiyadi sirahe diangkat terus ditakoni maneh.

"Wis saiki ngomongo maneh !!! Awakmu sik pingin pethuk ambek Gempil tah ???!!!," jare Muntiyadi maneh.

"Iyo cak . . ." jare Romlah.

Langsung sirahe Romlah didelep nang bak mandi luwih sui maneh, sik gak kapok ae arek iki pikire Muntiyadi.

Mari oleh rong menit Romlah gelagepen, ambek Muntiyadi sirahe diangkat terus ditakoni maneh.

"Hayo ngomongo maneh !!! Awakmu sik pingin pethuk ambek Gempil tah ???!!!," jare Muntiyadi maneh.

"Iyo cak . . ." jare Romlah.

Muntiyadi tambah muntap. Pas arep didelepno nang banyu maneh, Romlah berontak terus takon nang Muntiyadi.

"Sik tah cak, sampeyan yakin tah lek mas Gempil onok nang njero banyu?"

Putus Asa

3.15

Sore-sore Muntiyadi jagongan ngelamun nang warung, pandangane kosong ambek tangane ngudek es teh.

Moro-moro Paidi, koncone, teko ngageti terus langsung nyaut ngombene Muntiyadi diglogok sampek enthek, karepe ngono ngejak guyon.

Muntiyadi nuangis gerung-gerung, koncone malih gupuh kabeh.

"Wok!! Kon iku jarene tentara tapi kok cik gembenge, ngombemu tak saut ae wis nangis," jare Paidi.

"Sak dino iku apes thok uripku." jare Muntiyadi.

"Lho opoko, mbok menowo aku isok nulungi," jare Paidi sakno.

3.16 Malam Pertama

"Isuk mau, aku dipecat mergo ngilangno bedhile komandan," jare Muntiyadi.

"Walah ngono ae lho, laopo se dipikir. Awakmu lak demphal tah, dadi bodyguard utowo preman pasar sik payu," jare Paidi.

"Iku sik gak sepiro. Mari dipecat, aku mulih gasik. Pas sampek omah, dhadhak aku mergoki bojoku lagi indehoi ambek koncoku," jare Muntiyadi.

"Wis gak usah dipikir. Bojomu lak pancen ngono kelakuane, pegaten ae, wong wedhok sik uakeh sing tahes komes," jare Paidi.

"Iku sik gak sepiro. Aku wis putus asa, katene bunuh diri ae. Aku tuku potas terus tak campur es teh, bareng arep tak ombe dhadhak kon saut pisan,"

Malam Pertama | 3.16

Cak Mar sik tas rabi, lenger-lenger nang pos hansip koyok wong liwung. Gak sui Cak So liwat.

"Mar, kon iku manten anyar gak tambah seger lha kok malah lungset nyaprut. Opoko kon iku Mar ?" takok Cak So.

"Iyo Cak, aku kepikiran bojoku." jare Cak Mar.

"Opoko bojomu iku, wong tak dhelok bojomu iku tahes ngono lho." jare Cak So.

"Ngene lho Cak. Aku iki biasa njajan. Lha pas mari main malam pertama wingi, aku ngetokno dhuwik seketan. Pikirku, arek wedhok sing bodine koyok ngene paling banter taripe seket ewu. Aku luali pol lek tibake iku bojoku dhewe." jare Cak Mar.

"Kon yo ngawur ae. Tapi wis gak usah dipikir nemen-nemen, paling bojomu tersinggung sedhiluk terus mari ngono yo kangen ambek peno maneh."

"Aku kepikiran gak perkoro wedhi bojoku tersinggung " jare Cak Mar.

"Lha opo lho masalae ?" Cak So malih bingung.

"Mari tak ke'i seket ewu, dhadhak aku disusuki selawe."

Foto | 3.17

Mari kencan ambek pacare, Cak War kepingin rokokan.

Mari rogoh-rogoh celono, Cak War gak nemu koreke, terus takok pacare be'e ndhuwe korek.

"Koreke nang laci Cak. " jare pacare Cak War.

Pas mbukak laci, tibake Cak War ndhelok onok fotone wong lanang dhempal brengosan.

Cak War langsung pucet wedhi kabeh.

"Lho dik, iki bojomu tah ? Cik sangare dik." Cak War takon nang pacare.

"Huss . .ngawur ae . ." jare pacare.

"Tunanganmu tah . . ?" Cak War sik penasaran.

"Dhudhuk Cak, peno salah " jare pacare ambek ngalem nang Cak War.

"Ooo paling iki masmu, wong irunge mirip." Cak War mbedhek maneh.

"Dhudhuk Cak, peno salah maneh. " jare pacare.

"Lek ngono sopo wong iki ?" Cak War tambah penasaran.

Pacare njaluk pangku ambek ngalem mari ngono lagek ngaku.

"Iku ngono fotoku dhewe sak durunge operasi kelamin . . "

Ulang Tahun | 3.18

Cak Dri ulang tahun sing ke 40. Atine rodhok sedih soale pas tangi isuk bojone meneng ae gak ngucapno selamat, koyoke lali.

Pas sarapan kate budhal kerjo, anak-anake yo mbidhek kabeh gak onok sing eling ulang tahun Bapake.

Cak Dri budhal kerjo ambek ati nelongso.

Bareng nang kantor, Yuk Ni konco kantore nyambut "Pagi Cak Dri. Selamat Ulang Tahun ya"

3.18 Ulang Tahun

Cak Dri atine seneng akhire onok wong sing eling ambek ulang tahune.

”Wah . .pancen kebacut anak bojoku mosok lali ambek ulang tahunku” pikire Cak Dri.

Pas arep mangan siang, Yuk Ni ngejak metu wong loro.

Pikire Cak Dri, waduh kapan maneh rek oleh tawaran koyok ngene, ketepakan Cak Dri sui naksir Yuk Ni pisan cumak gak wani ngomong.

”Yok opo lek awake dhewe istirahat nang kos-kosanku Cak ?” jare Yuk Ni ambek ngalem.

Cak Dri ho-oh ae.

Pas sampek kos-kosan, Yuk Ni ngongkon Cak Dri ngaso dhiluk.

”Cak, anggepen iki omahmu dhewe. Aku tak nang kamar dhiluk, wis tah poko ke aku onok kejutan gawe sampeyan.” jare Yuk Ni.

Pas ditinggal ijenan, Cak Dri wis mbayangno kejutan seko Yuk Ni, atine mpot-mpotan gak sabar.

Pikire aku yo isok rek membuat kejutan, akhire Cak Dri nyoplok klambine kuabeh sampek blejet ambek ngenteni Yuk Ni salin.

Cak Dri terus merem mbayangno bodine Yuk Ni ambek wudho kelesetan nang sofa.

Dhadhak ujug-ujug dumadhakan, Cak Dri kuaget sampek mecitat krungu onok wong akeh nyanyi selamat ulang tahun.

Bareng Cak Dri melek, tibake Yuk Ni nggowo kue tar ambek anak bojone Cak Dri metu seko kamar.